

Gid pou Elèv,
Paran/Gadyen
Norwood High School

2014-2015




Norwood High School
245 Nichols Street
Norwood, Massachusetts 02062
781-769-2333
www.norwood.k12.ma.us/nhs

Gid pou Elèv

Paran/Gadyen

Norwood High School

2014-2015



*Se Ron Berger ki fè Foto Kouvèti
Devan an*



NORWOOD PUBLIC SCHOOLS


ADMINISTRATIVE OFFICE -- J MS R.-SAVAGE EDUCATIONAL CENTER

P.O. BOX 67, 275 PROSPECT STREET, NORWOOD, MA 02062

TEL (781) 762 6804- Ekst. 5819

FAKS (781) 762-0229

VOICE/TTY – Relè pou Telefòn



JAMES HAYDEN

Sipèrentandan Lekòl yo

ALEXANDER WYETH, Ed.D.

Sipèrentandan Adjwen pou Korikolòm,

Enstrikasyon ak Evalyasyon

Septanm 2014

Chè Paran / Gadyen:

Mwen kontan swete w labyenvni pou lane 2014-2015 nan Lekòl Piblik Norwood yo. Nou kòmanse chak lane ak enèji epi optimism pandan n ap akeyi pitit ou nan nouvo klas yo avèk yon nouvo seri defi akademik. Patenarya nou an nan edikasyon pitit ou se yon lye vital nan siksè akademik pitit la epi se reesponsabilite nou toulede pou nou asire pitit ou an reyalize tout potansyèl li. Tanpri pale de espwa ak rèv ou genyen pou lavni pitit ou an avèk anpwlaye lekòl la epi nou pral travay tèt kole pou atenn objektif sa yo.

Gid Paran/Elèv Lise an pare pou enfòmasyon w osijè de nouvo règ, règlemantasyon ak pratik toulejou tout lekòl prime respekte nan Norwood. Tanpri pran san ou pou li epi pou w konprann enfòmasyon enpòtan ki ladann.

Se espwa nou ke grasa bonjan kominikasyon, paran, pwofesè ak elèv gendwa kowopere pou yo asire yo ke lekòl la se yon kote ki agreyab ak pwodikatif. Si w gen kesyon konsènan pwogram pitit ou an oubyen konsènan enfòmasyon ki nan Gid sa a, tanpri rele Direktris la lè w gen tan.

Finalman, mwen espere oumenm ak pitit ou ap gen yon lane lekòl ki agreyab ak plen siksè.

Avèk respè,

James Hayden

Sipèrentandan Lekòl yo

NORWOOD HIGH SCHOOL


245 NICHOLS STREET

NORWOOD, MASSACHUSETTES 02062

TELEFÒN 781 769-2333

FAKS 781 762-0826

VVAI TDD- RELÈ TELEFÒN



GEORGE S. USEVICH

Direktè

SEAN P. POWERS

Vis-Direktè Ranplasan

Dwayen yo
COLLEEN E. CORMIER
ANDREW J. GARCZYNSKI
LISA M. GIULIANO
JAMES P. SWEENEY

Septanm 2014

BYENVNI NAN NORWOOD HIGH SCHOOL

Chè Elèv ak Paran/Gadyen yo:

Gid sa a gen ladann règ konpòtman tout elèv yo dwe respekte nan Norwood High School epi li gen ladann enfòmasyon enpòtan osijè lekòl nou an. Tanpri pran tou pou li li epi pou konprann sa ki make ladann.

M ap disponib, ansanm ak tout lòt administratè, dwayen, konseye oryantasyon ak pwofesè yo pou ofri konsèy ak asistans. Nou tout nou angaje nou pou w reyisi epi nou kontan tout chans nou genyen pou diskite avèk ou de preyokipasyon ou yo.

Pandan w ap vanse nan lane lekòl la, respekte antouraj akademik ou an chak jou san eksepsyon. Lekòl sa te konstwi pou amelyore kapasite w pou w jwenn siksè nan aktivite akademik, boza, atletism ak aktivite lekòl yo.

Mwen swete w pou w reyisi pandan ane lekòl la epi pou w kontan ale nan Norwood High School.

Avèk respè,

A handwritten signature in blue ink, appearing to read "George S. Usevich", is written over a light blue rectangular background.

George S. Usevich

Direktè

Komisyon Lekòl Norwood te adopte fòmèlman politik ki nan Sid sa a epi yo konsidere politik ofisyèl lekòl la pou lane akademik 2015 lan.

DEKLARASYON MISYON LEKÒL PIBLIK NORWOOD

Misyon

Misyon Lekòl Piblik Norwood la se chèche ekselans akademik pou tout timoun nan yon anviwònman ki san danje, pwoteje ak ankourajan, pou enspire nan yo yon lanmou san fen pou aprann, epi pou pepare yo ou yo kontribye antanke sitwayen yon kominote ki divèsifye.

KWAYANS

- Tout timoun kapab aprann.
- Etid akademik yo se priyorite ledikasyon. Anplis de Etid akademik, Atletism ak Aktivite esansyèl pou yon edikasyon kapab konplè.
- Chak timoun pa gen parèy li epi yo chak gen kapasite espesyal ak enterè yo dwe detekte, ankouraje ak devlope.
- Kay li, lekòl la ak kominote an responsab pou edikasyon tout timoun yo
- Pwofesè yo dwe eveye enterè chak elèv pou yo vle aprann.
- Elèv yo responsab pou yo aprann ak pou jan yo konpòte yo.
- Paran yo responsab pou mete anplas valè ak atant ki soutni pwosesis aprantisaj la.
- Li enpòtan pou timoun yo kontinye aprann pandan tout vi yo pou yo kapab gen yon patisipasyon ki prodiktiv ak rponsab nan yon monn ki divèsifye epi ki chanje tout tan.
- Pwofesè yo gen dwa anseye epi elèv yo gen dwa aprann nan yon anviwònman ki san danje ak pwoteje.
- Yon kominote avanse lè tout moun kontribye nan byennèt tout moun.
- Entegrite, respè ak kowoperasyon esansyèl pou bati relasyon ki baze sou konfyans.
- Kominote nou an ranfòse ak anrichi gras divèsite.

DEKLARASYON MISYON NORWOOD HIGH SCHOOL LAN

Norwood High School se yon patenarya ant elèv, parant/gadyen, anplwaye ak kominote a. Misyon nou se ofri opòtinite nan yon anviwònman ki san danje ak ankourajan pou tout elèv yo kapab gen ekselan pèfòmans nan tout 4 domèn sa yo: Etid akademik, Boza, Atletism, ak Aktivite lekòl yo. Elèv yo aprann reflechi yon fason ki endepandan epi yo kontribye seryezman antanke manm respektive yon sosyete ki divèsifye ak global, pandan y ap evalye yo pa rapò ak atant serye nan domèn etid akademik, rapò sosyal ak konpòtman sivik.

ATANT KONSÈNAN ETID AKADEMIK

- A1. Elèv yo pral ekri kòrèkteman pou divès objektif.
- A2. Elèv yo pral li epi konprann divès tèks.
- A3. Elèv yo pral aplike kapasite rezonman pou entèprete enfòmasyon epi rezoud pwoblèm.
- A4. Elèv yo pral montre yo apesye ke tout aprantisaj egziste andedan yon kontèks ki pi laj.
- A5. Elèv yo pral itilize teknoloji kòm yon zouti pou divès objektif.
- A6. Elèv yo pral akeri konesans ki nesèsè pou pran desizyon eklere sou byennèt yo.

ATANT SOSYAL

- S1. Elèv yo dwe kolabore epi yo pral montre yo gen yon atitud kowoperasyon.

ATANT SIVIK

- C1. Elèv yo montre se sitwayen aktif yo ye.

Anseyan Norwood High School te adopte li nan dat 30 janvyè 2014. Komisyon Lekòl Norwood la te adopte li nan dat 5 fevriye 2014.

AVI SOU POLITIK NON-DISKRIMINASYON

LEKÒL PIBLIK NORWOOD
NORWOOD, MASSACHUSETTS

Lejislasyon federal anpeche diskriminasyon sou labaz pwogram ak aktivite edikasyon k ap resevwa asistans finansye konfòmman ak egzijans Tit IX Amanman Edikasyon yo pou lane 1972. Lekòl Piblik Norwood yo anonse li pa fè diskriminasyon sou labaz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyè, relijyon, orijin nasyonal oswa si yon moun andikape. Elèv yo gen menm aksè pou admisyon nan lekòl, klas, aktivite ekstrakirikilè ak opòtinite pou jwenn anplwa epi yo p ap eksli yo poutèt yo marye oswa yo ansent. Direktè oswa Direktè-Adjwen an ap disponib pou reponn demann enfòmasyon konsènan lejislasyon sa a.

LWA AMERIKEN KI ANDIKAPE (AMERICANS WITH DISABILITIES ACT)

Lekòl Piblik Norwood yo pa diskrimine sou labaz yon moun gen andikap nan fason li administre pwograme edikasyon yo, aktivite ekstra-kirikilè (andeyò lekòl), evènman piblik oswa nan anbochaj.

Ou gendwa voye kenepòt kesyon, plent oswa demann pou yo fè aranjman bay Kowòdonatè ADA a:

ADA Coordinator
Savage Educational Center
P.O. Box 67, 275 Prospect Street, Norwood, MA 02062

Moun ki bezwen dokiman enprime nan fòm altènatif (gwo lèt, tep odyo, elatriye) oswa lòt asistans pou kominikasyon oksilyè oswa sèvis pou patisipe nan pwogram yo ta dwe idantifye bezwen yo bay anplwaye lekòl la swa pandan yo deplase pèsònèlman, swa alekri.

DESKRIPSYON PWOGRAM YO

Pwogram yo elabore pou pou ofri benefis edikasyon maksimòm. Yon pwogram edikasyon altènatif disponib pou kèk elèv. Elèv yo pwograme pou sèt (7) peryòd. Sepandan, poutèt orè a fè wotasyon, yo elimine yon peryòd chak jou. Kifè, elèv yon gen sis (6) peryòd 57 minit chak jou. Nan fen jounen lekòl lan, yo pwograme ratrapaj ak detansyon pandan 35 minit.

1. Opsyon pou Elèv yo

- A. Bibliyotèk - "Misyon pwogram medya bibliyotèk la se pou asire elèv ak anplwaye yo se vre itilizatè lide ak enfòmasyon". *Information Power*, 1998. Bibliyotèk la louvri toulejou depi 7:00 a.m. jiska 3:00 p.m. Se yon andwa kote elèv yo kapab pwodiktif. Elèv yo dwe jwenn yon pass anvan etid yo epi pwofesè etid dirije a dwe siyen li.

Si elèv yo dwe fè rechèch ki mande resous yo jwenn nan bibliyotèk, yo gendwa jwenn yon pass tou nan men pwofesè k ap òganize pwojè larechèch la. Gen yon fotokopyèz elèv yo kapab itilize. Yo gendwa fè fotokopi pou yon tichaj.

- B. Estidyo TV/Sal kontwòl – Laboratwa videyo a bay elèv yo opòtinite pou itilize ekipman videyo a. Yo p ap otorize pèsòn antre san pèmisyon pwofesè oswa kowòdonatè kominikasyon an.

- C. Oryantasyon – Se yon zòn kote elèv yo kapab eskane katalòg yo ansanm ak lòt dokiman edikasyon ak divètisman.
- D. Titora pou elèv – Sèvis titora National Honor Society la disponib pou tout elèv yo.
- E. Klas semèstriyèl – Gen yon kantite klas limite ki disponib. Al gade Pwogram Etid la.
- F. Auditing – Yon opòtinite egziste pou revwa yon klas yo deja pran, pou gen yon prezantayon kout sou yon klas ou ta renmen chwazi pi devan oswa pou patisipe nan yon klas san pa gen obligasyon pou fè devwadmezon oswa egzamen. Al wè Responsab Depatman yo.
- G. Laboratwa Enfòmatrik Bibliyotèk la – Pou pwojè ak travo yon pwofesè te otorize.

EDIKASYON PIBLIK SIPERYÈ DE MASSACHUSETTS

Estanda admisyon pou inivèsite leta ak University of Massachusetts bay preparasyon akademik solid nan lekòl segondè anpil enpòtan. Estanda yo se egzijans minimòm; se pa poutèt yon elèv atenn yo kifè li pral antre nan inivèsite, poutèt anplwaye inivèsite yo konsidere anpil faktè anvan pou aksepte elèv yo.

Estanda admisyon pou kandida lye ane yo nan inivèsite Eta a ak nan University of Massachusetts gen divès eleman ladann:

- reyalizasyon tout egzijans pou diplom lekòl segondè a oswa diplòm ekivalan an;
- soumisyon nòt SAT oswa ACT;
- 16 klas akademik obligatwa; epi
- mwayèn minimum ki egzije (GPA) elèv la obteni nan klas preparatwa pou inivèsite li te fin pran anvan li te voye demann aplikasyon an.

Tanpri konsilte gid estanda admisyon yo pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl. Li enpòtan pou remake estanda adisyon yo gendwa varye; kontakte inivèsite yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon.

KLAS YO

Tout klas yo nan Pwogram Norwood High School la make swa Plasman avanse (AP), Honors (H), Kolèj (CP1/CP2), oswa Pare pou Kolèj oswa Pwofesyon (S).

ETID ENDEPANDAN

Etid endepandan an se yon pwogram ki baze sou lekòl ki fèt pou bay elèv yo posibilite pou aprann pa eksperyans ki depase klas nòmal yo ofri yo, espesyalman pou etid an pwofondè sou yon sijè patikilye. Pwogram etid endepandan yo òganize pou elèv nan Norwood High School pou ankouraje kwasans pèsònèl ak devlopman endividyèl.

Sèten pwofesè gendwa idantifye elèv kandida ki vle etid anrichisman yo, epi yo dwe prezante yon pwogram etid bay responsab depatman ki apwopriye yo.

Etid endepandan posib nan tout domèn etid si yo jwenn apwobasyon responsab depatman an ak direktè a. Yo gendwa atribye senk (5) kredi omaksimòm pou nenpòt ki sijè. Etid endepandan enrichi eksperyans edikasyon elèv la epi bay li kredi pou gradye, men li pa ranplase travay nan salklas la.

Pou kalkile klasman nan salklas la, si yon pran yon klas etid endepandan ki nan Pwogram Etid Norwood High

School, ponderasyon klas sa a ap pwopòsyonèl ak klas la jan sa endike nan Pwogram Etid la. Si yo pran yon klas etid endepandan ki pa nan Pwogram Etid la, klas etid endepandan sa a p ap konte pou kakile pozisyon nan salklas la. Klas etid endepandan ap konte pou kalifikasyon pou Tablo donè (Honor Roll) la.

Pwofesè ak responsab depatman yo pral chèche konnen ki kondisyon preyalab akademik ki nesèsè pou fè etid endepandan. Inisyativ, akonplisman anvan yo, fleksibilite pwogram lekòl la, prezans regilye ak sans sivik esansyèl pou yo ba w privilèj pou pran etid endepandan.

Pwogram etid endepandan sa yo posib sèlman si pwofesè a aksepte bay tan anplis sa a.

DEWADMEZON

Devwadmezon fèt pou kontinye pwosesis aprantisaj la anske li mande elèv la plis jefò pou li etidye pou kont li. Se ekstansyon aktivite elèv la te kòmanse nan salklas la anba oryantasyon ak direksyon pwofesè yo.

Objektif devwadmezon ki pi komen yo se pou:

1. Bay plis egzèsis ak pratik nan konpetans ki esansyèl;
2. Bay posibilite pou pwofesè yo abòde diferans endividyèl elèv yo;
3. Pwomouvwa responsabilite, otodisiplin, inisyativ ak endepandans elèv yo;
4. Ede elèv yo aprann planifye tan yo;
5. Mete elèv yo an kontak ak resous aprantisaj deyò lekòl la, pa egzanp, bibliyotèk, mize ak moun sous prensipal;
6. Asire aktivite salklas ak tès yo an rapò etwa ak etid elèv la fè lakay li;
7. Anrichi eksperyans salklas la anske yo mete li an rapò ak pwoblèm lavi toulejou;
8. Ede elèv yo devlope yon enterè pèmanan pou aprann menm nan tan lib yo;
9. Pèmèt elèv yo ratrape klas yo te manke poutèt yo te malad; epi
10. Bay elèv yo yon kad jeneral pou aprantisaj nan salklas la.

Paran/gadyen yo ta dwe ede pitit yo devlope bonjan abitud pou etidye lakay lè yo mete dekote yon peryòd tan ki apwopriye, yo montre yo vle ede pitit yo ak devwa yo, yo òganize yon kotee ki apwopriye pou pitit la etidye, yo ede pitit la òganize tan li ant devwa alontèm ak sa ki akoutèm yo, epi yo ankouraje yo chèche yon asistans endividyèl nan men pwofesè yo lè devwa yo difisil.

Se pou elèv yo konprann epi make devwadmezon yo nan yon kaye; mete de kote tan pou etidye lakay; remèt pwofesè a san reta yon devwa ki pwòp, presi ak konplè; epi diskite ak pwofesè a osijè kenenpòt kesyon oswa preyokipasyon konsènan devwa a.

Elèv ki absan yo responsab pou fè devwadmezon yo si yo kapab fè yo fizikman. Yo gen de (2) opsyon pou konnen ki devwadmezon pou yo fè: (1) mande yon kanmarad nan chak klas kote yo bay devwa; epi (2) rele konseye oryantasyon yo, ki pral mande chak pwofesè yo ki devwa yo te bay. Konseye yo mande yon preyavi 1 jou anvan pou yo kapab bay enfòmasyon osijè devwadmezon yo.

PREZANS

Komisyon Norwood School kwè anpil nan enpòtans prezans tout elèv yo regilyèman. Komisyon an aplike, epi nan respè total Chapit 76 nan lejislasyon Commonwealth of Massachusetts lan, ki defini règlemantasyon osijè prezans. Eksepte si elèv la malad oswa gen lòt sikonstans eksepsyonèl, elèv yo ta dwe prezans lè gen lekòl.

Si yo paran chwazi kenbe yon elèv lakay li pou rezon ki pa maladi oswa sikonstans eksepsyonèl, lekòl ak pwofesè endividyèl (yo) p ap akseptee responsabilite swa pou prepare leson yo alavans pou elèv la ni pou bay

titora endividyèl oswa anpil asistans endividyèl pou elèv la lè li tounen. Se responsabilite elèv la ak paran an pou yo idantifye travo elèv la pa t fè. Menmsi pwofesè yo ap bay kantite asistans nòmal la, se responsabilite elèv la pou li ratrape travo sa yo.

Norwood High School respekte Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 76, Sesyon 5: Chak mou ap gen dwa frekante lekòl piblik nan vil kote li abite vreman an, selon seksyon ki annapre a. Pa gen okenn komisyon lekòl ki oblije enskri moun ki pa abite vreman nan vil la, eksepte si lalwa oubyen komisyon lekòl la otorize enskripsyon. Kèlkeswa moun ki pa respekte oswa ki ede lòt moun pa respekte klòz sa a gen dwa sibi sanksyon pou li remèt tou sa li dwe vil la poutèt li te frekante move lekòl piblik la. Yo p ap ekskli pèsòn ni yo p ap fè okenn diskriminasyon nan admisyon nan yon lekòl piblik nan kenepòt vil, ni jwenn okenn avantaj, privilèj ak klas etid nan lekòl piblik sa a poutèt ras, koulè, sèks, relijyon, orijin nasyonal oswa oryantasyon seksyèl.

POLITIK KONSÈNAN TÈS YO

Yo pral notifiye elèv yo omwens senk (5) jou lekòl alavans pou yon egzamen pou tout peryòd la. Sèlman nan kèk eksepsyon ra yo pral mande pou elèv yo pran plis pase de (2) egzamen pou tout peryòd la nan yon sèl jou. Yon pwofesè ki pwograme yon twazyèm egzamen nan yon sèl jou ta dwe notifiye osijè sityasyon an omwens kat (4) jou alavans. Pwofesè a pral pwograme yon ratrapaj yon lòt jou si gen sèlman kèk elèv ki te absan oswa li pral repwograme egzamen an sit e gen anpil ki te manke.

Si elèv la sipoze fè twa (3) egzamen menm jou an pandan dènye semèn yon tèrm, se pou elèv la notifiye pwofesè a ki te pwograme dènye egzamen an pou jounen sa a omwens kat (4) jou alavans; nan ka sa a, egzamen an pral pwograme yon jou ratrapaj, dènye jou nan tèrm la. Pòte kontni yo kouvri nan egzamen mi-tèrm ak final yo se divès depatman yo ki deside yo oswa nan labsans yon desizyon depatmantal, se pwofesè endividyèl la ki deside.

RATRAPAJ

Sesyon ratrapaj yo òganize pou elèv ki te absan epi ki dwe ratrape travay oswa tè yo te rate yo, epi pou elèv ki bezwen ki bezwen yon tikras plis asistans nan kals nòmal yo ansnam ak etid endepandan. Ratrapaj, sof konpetisyon entèskolastik, gen priyorite sou aktivite ekstrakirikilè, antenman atletik ak travay andeyò. Elèv ki resevwa yon kanè ki endike “Danje pou Echwe” oswa “Elèv la ap Echwe” dwe mande plis asistans nan sijè (yo) kote yo te gen move kanè.

Priyorite nimewo pou totu elèv se korije defisyan akademik epi yo ta dwe konsantre tout atansyon pou sa. Konsèp sa a an konfòmite ak rekòmandasyon Komisyon Konsiltatif konsènan Elijibilite Direktè a (P.A.C.E.).

Se responsabilite elèv la pou li ratrape tout tavo ak egzamen depi sa posib apre yon absans. Yon peryòd dis (10) jou lekòl anjeneral se kantite tan maksimòm yo aksepte anjeneral ki otorize pou ratrape travo elè la te ratrape pandan yon absans de yon semèn sowa plis. Elèv yo k ap tounen apre yon sispansyon otorize pran egzamen epi remèt devwa pandan sispansyon an men yo pa elijib pou pwofesè a anseye yon lòt fwa kontni li te anseye pandan peryòd sa a. Tout tès akd evwa elèv la te manke pandan sispansyon an fèt pou regle anvan sesyon ratrapaj nòmal la oplita apre sispansyon an fini. Elèv yo pa elijib pou ratrape tès yo te make oswa pou remèt devwa pandan yon peryòd koupi oswa absans san jistifikasyon epi yo p ap resevwa okenn (0) kredi pou sa.

KANÈ SOU PWOGRÈ YO

Nan mitan chak tèrm oplita, yo pibliye yon rapò bay elèv ki antre nan youn nan kategori sila yo: (1) pèfòmans li ap bese, (2) pa satisfè atant klas la, (3) travay ki pa montre tout potansyèl li, (4) danje pou echwe, (5) elèv la ap echwe, epi (6) travay ki manke. Yo pa fè okenn elèv echwe pou term la eksepte si paran/gadyen li te resevwa

yon avètisman omwens dis (10) jou lekòl anvan fen tèrm la. Sepandan, restriksyon sa a pa aplike si elèv la pa fini yon gwo devwa (pa egzanj, redaksyon sou tout pwogram la, tès pou tèrm la, egzamen final oswa pwojè).

Nan fen lane lekòl la, elèv ki resevwa 0-15 kredi san elijibilite pou lekòl pandan peryòd lete ap double klas yo. Ratrapaj nan lekòl pandan peryòd lete pou ogmante kredi yo rive 16 (sèz) oswa plis pral pèmèt elèv la pase nan pwochen klas la, men yo pral konsidere elèv la "akademikman defisyan".

KANÈ YO

Anviwon yon semèn apre fen chak tèrm, yo pral afiche kanè yo sou iParent.

Eksepte si gen sikonstans ki pa nòmal, tout klas ki pa konplè fèt pou rezoud dis (10) jou lekòl oplita apre fen tèrm la.

EGZIJANS POU TABLO DONÈ

Tout elèv yo dwe pran senk (5) sijè prensipal pou kapab elijib pou Tablo Donè a:

Onè avèk Distenksyon	Okenn nòt ki pi ba pase 90
Premye Onè yo	Okenn nòt ki pi ba pase 85
Dezyèm Onè yo	Okenn nòt ki pi ba pase 80

Tout elèv ki gen sis (6) sijè prensipal yo dwe satisfè kondisyon sila yo:

Onè ak Distenksyon	mwayèn jeneral 90 avèk pa plis ke 1 nòt ki ant 85 ak 89
Premye Onè yo	mwayèn jeneral 85 avèk pa plis ke 1 nòt ki ant 80 ak 84
Dezyèm Onè yo	mwayèn jeneral 80 avèk pa plis ke 1 nòt ki ant 75 ak 79

POZISYON NAN SALKLAS LA

Gen divès rezon pou chèche konnen pozisyonman akademik elèv yo pandan y ap frekante Norwood High School. Onivo entèn, lekòl segondè a chwazi yon elèv pou se prezidan klas la nan kòmansman egzèsis yo sou labaz pwosedi klasifikasyon an. Onivo ekstèn, klasifikasyon an sèvi pou endike bay kolèj ak inivèsite yo ladrès akademik yon elèv konpare ak lòt elèv ki nan menm kals avèk li.

Difikilte relative klas yo, tan ki nesèsè pou etidye chak klas, ak kantite klas elèv la pran antre nan kalkil la. Yo kalkile pozisyon nan klas la nan fen chak tèrm.

Norwood High School gen yon mwayèn maksimòm 6.0 GPA nan kalkil li. Yo bay ponderasyon ki apwopriye a pou klas pou kolèj, honors ak plasman avanse. Apre yo konvèti nòt nimerik la sou nichèl 6.0 an, yo ajoute .5 pou klas nivo kolèj yo, 1.0 pou klas honors yo ak 1.5 pou klas plasman avanse yo.

Koumanse ak Klas Lane 2017, Norwood High School ap itilize yon mwayèn maksimal ki 4.0 GPA. Apre yo konvèti nòt nimerik la su nichèl 4.0 an, yo ajoute .5 pou klas honors ak 1.0 pou klas plasman avanse yo. Kèlkeswa kesyon ou ta genyen osijè klasifikasyon nan klas la ak kalkil mwayèn jeneral GPA an, se pou w al pale ak vis-direktè a.

EGZAMEN MI-ANE/FINAL YO

Tout egzamen mi-ane ak final yo ki òganize pou janvyè, me ak jen nan kad departman an epi yo pral konstitye 10% nan mwayèn fen ane a. Nòt egzamen mi-ane ak final yo pral make sou kanè nòt elèv la.

Yo p ap pèmèt elèv yo pran egzamen final yo eksepte si yo rezoud tout obligasyon disiplinè yo avèk dwayen an. Se pou tout kontni klas tounen pou elèv la kapab pran egzamen final pou klas sa a. Si yon elèv manke yon egzamen mi-ane oswa egzamen final la epi li pa jwenn yon jistifikasyon pou absans li nan men dwayen an, l ap bay li yon zewo (0). Si yon elèv kite egzamen an bonè san pèmision, y ap bay li yon zewo (0).

EGZANPSYON POU EGZAMEN FINAL

Se pou tout elèv yo pran egzamen final la, epi tout ta dwe wè yo antanke egzijans akademik. Sepandan, Norwood High School ta renmen felisite senyò yo ki te gen yon pèfòmans akademik solid epi ki te fè jefò anske yo egzante yo pou pran egzamen final senyò yo. Eitati egzansyon an se yon **privilèj yo dwe merite**. Se pou elèv yo respekte kritè sila yo pou yo kapab benefisye egzansyon de yon egzamen final:

1. Yon senyò dwe gen yon mwayèn 80% nan tout kat (4) tèrm yo; mwayèn sa a gen ladann egzamen mi-ane a.
2. Mwayèn 80% la dwe enkli yon nòt 80 oswa plis nan 4yèm tèrm lan.
3. Yon nòt 55* nan nanpòt ki tèrm anile egzansyon an.

ESTATI AKADEMIK AK EGZIJANS POU GRADYE

Pou kapab kalifye pou yon diplom Norwood High School, yon elèv dwe pran 100 kredi epi pase sijè sila a pou kantite ane ki endike annapre a:

Angle	4 lane
Matematik	3 lane
Syans	3 lane
Etid Soc.	3 lane – 9-11yèm klas (Istwa lemond, U.S. I, U.S. II)
Edikasyon fizik	2 lane – 9yèm ak 10zyèm klas
Sante	4 lane

Yon nòt **65**, oswa **P** kote **Pase (Pass)/Echwe (Fail)** aplikab, nesèsè pou tout klas yo.

Epitou, yon elèv dwe pase tès MCAS E.L.A., Matematik, ak Syans yo.

YON ELÈV KI GEN MWENS MWENS PASE 16 KREDI PA ANE AP DOUBLE.

Lè 9yèm klas la fini, yon elèv ki akimile mwens pase **25** kredi ap defisyan akademikman lè l ap antre nan 10yèm Klas.

Lè 10yèm klas la fini, yon elèv ki akimile mwens pase **50** kredi ap defisyan akademikman lè l ap antre nan 11yèm Klas.

Lè 11yèm klas la fini, yon elèv ki akimile mwens pase **75** kredi konsidere defisyan akademikman lè l ap antre nan 12yèm Klas.

TOUT ELÈV 12YÈM KLAS YO DWE PRAN OMWENS 25 KREDI NAN DÈNYE ANE A.

KONPETANS AKADEMIK

Kèlkeswa kesyon konsènan plasman nan salklas oswa pwoblèm ki gen pou wè ak kredi pou klas, transfè, elatriye, ou gendwa fè apèl devan Komisyon Konpetans Akademik pou revizyon.

LEKÒL PANDAN PERYÒD LETE

1. Pou kapab elijib pou frekante lekòl pandan peryòd lete, yon elèv dwe gen yon mwayèn final nan fen ane a ki 60 - 64 epi se pou li te prezan nan klas la pandan omwens 135 jou (75% to prezans.)
2. Dwayen Depatman yo pral voye korikolòm pou yo swiv nan chak klas. Dwayen Depatman yo ap remèt tou yon egzamen final pou chak klas. Egzamen final la pral konte pou 25% nan nòt final la. Tout lòt evalyasyon yo ap fèt selon sa pwofesè peryòd lete an deside.
3. Elèv Norwood High School p ap bezwen pase ni klas la ni egzamen final la pou pran kredi.
4. Elèv yo pral double si yo gen twa absans ki pa ekskize.
5. Elèv ki ale nan lekòl pandan peryòd lete andeyò Norwood ap dwe respekte politik akadeik lekòl yo.
6. Si yon fanmi deside mete yon elèv nan titora olye pou li ale nan lekòl pandan peryòd lete, titè a dwe prezante dokiman sètifikasyon, li dwe kontakte direktè lekòl nan peryòd lete a pou li ka jwenn korikolòm la, li dwe administre egzamen final depatman an epi li dwe remèt rezilta yo bay Depatman Oryantasyon an.
7. Elèv yo p ap otorize resevwa kredi pou plis pase de (2) klas, kèlkeswa si yo te frekante lekòl peryòd lete. Tanpri remake: Lekòl lete se pou rebran kredi **sèlman** epi li pa sipoze ranplase yon korikolòm pou tout yon lane a. Lè yon elèv fini fè yon klas lekòl lete, elèv la jwenn yon 65 kredi nivo estanda.

LEKÒL ALTÈNATIF

Pwogram Lekòl Altènativ la fèt pou elèv ki pa t gen bon pèfòmans nan pwogram lekòl lise tradisyonèl la. Kontni klas la swiv depre korikolòm ki etabli a. Admisyon nan pwogram la kòmanse ak yon referans anplwaye yo bay pou ale nan oryantasyon. Yo trete chak referans nan Komisyon Evalyasyon Lekòl Altènativ la. Admisyon nan Pwogram Lekòl Altènativ la fakiltatif pou elèv la epi sa depann si Komisyon Lekòl Altènativ la bay otorizasyon li.

Yon elèv ki antre nan lekòl altènativ pa gen dwa pran klas andeyò salklas la ekspete si li te jwenn pèmision komisyon ak direktè a alekri. Yon eleman lekòl-pou-travay dwe fè pati de pwogram etid la.

SÈVIS ORYANTASYON

Biwo oryantasyon an sitye nan premye etaj agòch antre prensipal la. Yo klas konseye yo selon lòd alfabetik, epi menm konseye a rete ak alè yo pandan y ap frekante lekòl la. Chak tantativ fèt pou asire kontinwite sèvis oryantasyon yo depi 8yèm klas jiska gradyasyon lise pou elèv la kapab reyalize tout potansyèl kwasans ak devlopman li grasa yon planifikasyon pou ajisteman edikasyon ak pwofesyonèl ki kòrèk. Grasa pwogramasyon akademik endividyèl ak enfòmasyon okipasyonèl, elèv yo oryante vè objektif akoutèm ak alontèm.

SÈVIS SANTE

Egzijans konsènan lasante pou Admisyon nan lekòl la

1. Vaksinasyon
Chapit 76, Seksyon 15 Lwa Jeneral Massachusetts la egzije bonjan iminizasyon kont difeteri, tetanòs, koklich, polyo, woujòl, malmouton, ribeyòl ak epatit B, HIB ak varisèl pa vaksen oswa yon sètifika maladi yon doktè siyen **anvan pitit la antre lekòl la** eksepte si egzanspsyon relijye oswa medikal aplikab. Se pou yo soumèt egzanspsyon yo alekri bay nès lekòl la. Yo afiche egzijans vaksinasyon espesifik anba onglè sèvis sante wèbsayt NPS la.
2. Egzamen fizik
Lalwa Eta a oblije chak elèv ki antre nan NHS pou li fè yon egzamen fizik yon (1) lane oplita apre li antre lekòl la.

Maladi, Premye swen ak Ijans yo

Chak ane yo mande paran/gadyen yo pou yo mete ajou enfòmasyon kontak yo sou fichye lekòl la pou pitit yo. Li **trè enpòtan** pou enfòmasyon sa a rete aktyèl. Sizoka yo ta bezwen paran/gadyen yo, non konplè, adrès ak nimewo telefòn yo esansyèl.

1. Paran/gadyen elèv ki gen maaldi kwonik ta dwe kontre ak nès lekòl la epi etabli yon plan swen sante pou pitit yo lekòl la. Nès lekòl la pral evalye maladi grav lekòl la epi l ap notifiye paran/gadyen yo. Yo ankouraje tout paran/gadyen pou yo kontakte nès lekòl la sizoka yo gen preyokipasyon osijè eta sante pitit yo.
2. Sizoka ta gen yon blesi, yon aksidan oubyen yon lòt ijans, nès lekòl la pral administre premye swen yo jiskaske yo reyisi kontakte paran yo. Sizoka ta vin genyen yon ijans grav oswa se pou yo aji vit epi si yo pa kapab kontakte yon paran/gadyen, yo pral rele transpò anbilans nan lopital epi pèsònèl medikal la pral bay tretman yo panse ki nesèsè a. Tanpri voye yon notifikasyon alekri si w vle politik sa a pa aplikab pou pitit ou an.
3. Elèv ki te blese andeyò lekòl la epi ki bezwen bekiy oswa lòt aranjman nan lekòl la dwe voye yon nòt yon doktè te siyen.
4. Pou paran/gadyen ki gne kwayans relijyez ki anpeche yo itilize asistans medikal sa a, se pou yo voye lekòl la yon deklarasyon siyen ki esplike sa.

Administrasyon medikaman avèk oswa san preskripsyon lekòl la

Lekòl Piblik Norwood yo mande pou yo kenbe fòm sila yo nan biwo anvan yo administre lekòl la kèlkeswa medikaman avèk oswa san preskripsyon:

1. **Konsantman paran/gadyen an siyen pou bay medikaman an.** Fòm yo disponib lekòl la oswa sou wèbsayt NPS lan; tanpri siyen epi remèt nès lekòl yo.
2. **Lòd medikaman doktè a.** Lòd medikaman doktè a ki alekri gendwa fakse oswa livre pèsònèlman bay nès lekòl la.

Se pou yo renouvle lòd doktè yo ak pèmisyon paran/gadyen an chak ane akademik.

Paran/gadyen yo ta dwe bay nès lekòl la medikaman yo. Yo dwe gen etikèt ki kòrèk sou yo epi nan yon kontènè apwopriye famasi oswa fabrikan an. Tanpri mande famasi a pou li bay boutèy diferan pou lekòl ak pou lakay.

Elèv ki vle pote medikaman yo sou yo, tankou yon ponp kont opresyon oswa yon epi-pen dwe ranpli fòm sila yo epi pou yo kenbe yo nan dosye li ki nan biwo nès la. Elèv ki an posesyon medikaman avèk preskripsyon sou kanpis la ki pa gen fich sa yo ap sibi aksyon disiplinè.

Tès sante yo

Elèv 9yèm Klas yo teste pou kapab detekte pwoblèm zye, zòrèy oswa do. Nès la pral notifiye paran/gadyen yo ki gen timoun ki pa pase youn nan tès yo. Yo egzije pou doktè kontinye swiv dosye a epi pou yo remèt nès lekòl la dokiman medikal pou kontinye fè pwosesis deteksyon an.

Lalwa Eta a mande pou elèv 10yèm Klas yo voye yon rapò sou egzamen fizik yo fèk fè. Elèv 10yèm Klas yo ki pa remèt rapò sou egzamen fizik mèkredi anvan Thanksgiving oplita p ap ka kontinye ale lekòl jiskaske yo remèt nès la rapò a. Politik sou absans yo ap aplike pou elèv ki absan lekòl la pou rezon sa a.

Yo pral peze epi mezire elèv 10yèm Klas yo, epi yo pral voye rapò sou BMI chak elèv ak pousantil yo kalkile an nan lapò oubyen yo pral kominike li dirèkteman alekri bay paran/gadyen elèv la. Paran/gadyen yo gendwa mande alekri pou pitit yo pa patisipe nan egzamen sa a.

Tout elèv ki ta renmen patisipe nan espò lise dwe gen yon fich egzamen fizik ki ajou nan dosye lekòl la kenbe nan

biwo li ki deklare elève pa gen okenn pwoblèm medikal ki anpeche li patisipe. Se pou egzamen an fèt mwens ke 1 lane anvan li kòmanse fè espò a. Elèv ki pa gen asirans oswa ki pa gen doktè jeneralis ta dwe kontakte nès lekòl la pou jwenn asistans.

Dosye sante yo

Yo kenbe yon dosye fizik epi elektwonik (konpitè) pou chak timoun nan biwo nès lekòl la. Sa gen ladann kanè vaksinasyon, rezilta egzamen sila yo, wotè, pwa, dosye egzamen fizik ansanm ak kèlkeswa lòt enfòmasyon medikal ki pètinan. Tout vizit sante nan biwo a ak swen nès la te bay anrejistre nan konpitè a tou. Lekòl Piblik Norwood yo angaje li pou pwoteje lavi prive elèv yo. Enfòmasyon medikal yo pral rete sekre eksepte si nou resevwa konsantman yon paran/gadyen.

POLITIK KONSÈNAN BYENNÈT

Distri Lekòl Piblik Norwood lan angaje li pou òganize anviwònman lekòl ki pwomouvwa epi pwoteje sante, byennèt timoun yo ak kapasite pou aprann grasa sipò ak aprantisaj manje ki sen ak aktivite fizik.

Politik Byennèt lan asire li ke:

- Pwogram Nitrisyon Lekòl la respekte toulejou lejislasyon federal ak Eta a
- Distri a respekte lejislasyon Eta MA “Yon Lwa konsènan Nitrisyon nan Lekòl yo” (M.G.L.c.111,s.222)
- Li bay tout elèv edikasyon nan zafè nitrisyon
- Li ede fanmi ak kominote a konsènan edikasyon nan zafè nitrisyon
- Li pwomouvwa edikasyon sante bay kominote lekòl la

Konsèy Sante Lekòl la gen ladann paran/gadyen yo, pwofesè, nès, pwofesyonè nitrisyon ak sèvis manje, manm kominote a ki enterese ak direktè yo; li kontre kat (4) fwa pa ane pou siveye, evalye ak pwomouvwa Politik Byennèt Lekòl Piblik Norwood la. Tanpri kontakte Jane McLucas nan 781-440-5828 si w ta renmen patisipe nan Konsèy la. Konsèy Sante Lekòl la:

- Limite selebrasyon nan salklas la
- Ankouraje selebrasyon/fèt kote pa gen manje pou anivèsè yo
- Dekouraje rekonpans sou fòm manje
- Dekouraje pou yo entèdi pitit la fè edikasyon fizik kòm yon fòm pinisyon

KAZYE YO

Yo bay kazye selon yon pwosedi yo anonse nan premye jou lekòl la. Poutèt Eta a bay ofisyèl lekòl la responsabilite administre pwogram la yon fason pou sante ak sekirite tout moun pa an danje, administrasyon an gen dwa ak obligasyon pou ankete a fon lè yo sispekte prezans alkòl, dwòg, zam, eksplozif oswa lòt bagay ki danjere. Administrasyon an gen dwa louvre epi enspekte kazye yon elèv nenpòt kilè.

Yo pral tcheke kazye elèv yo detanzantan. Si yon moun defigire yon kazye, l ap dwe bay ranbouse montan lajan sa te koute lekòl la pou repare kazye a.

Administrasyon an pral kontinye fè fouy nan tout zòn kanpis la, avèk Depatman Lapolis Norwood ak inite kanin yo mete adispozisyon administrasyon an, pou ede yo localize kèlkeswa sibstans ki kapab sou pwopriyete a.

LIV, EKIPMAN AK PWOPRIYETE LEKÒL

Tout moun responsab pou swen ak pou pwoteje lekòl la. Liv ak ekipman pwopriyete Vil of Norwood epi se pou yo retounen nan menm eta ak jan yo te ye lè elèv yo te pran yo. Elèv yo responsab finansyèman pou liv oubyen ekipman ki pèdi oswa domaje ap plase sou lis obligasyon an. Domaj nan pwopriyete lekòl la gendwa debouche su yon detansyon, yon sispansyon, restitasyon finansye, epi angajman posib lapolis. Si gen yon liv oubyen yon ekipman

yo pa remèt, elèv la dwe peye pou tèks epi/oswa ekipman an.

RELEVE NÒT/DOSYE

Yo pase règlemantasyon konfòmeman ak estati federal ak Eta a osijè antetyen dosye elèv yo lekòl segondè piblik Commonwealth la dwe fè. Tout seri règlemantasyon yo, ki dispponib nan biwo oryantasyon an, trè long men yo rezime li la a pou li sèvi kòm gid.

Règlemantasyon sa yo te pwomilge pou asire dwa paran ak elèv yo pou zafè yo rete prive, enspeksyon amannman ak desktriksiyon dosye lekòl yo epi pou ede sistèm lekòl lokal yo respekte lalwa.

Kèlkeswa elèv lise kapab sou demann konsilte dosye li. Paran, gadyen legal ak anplwaye lekòl ki otorize gen aksè tu nan dosye sa yo.

Aprè yon elèv gen 18tan, li gendwa limite aksè a sèlman pou anplwaye lekòl la, lè li fè demann lan alekri bay direktè a oswa sipèrentandan lekòl yo.

Dosye elèv la pral gen ladann tanskripsyon ak dosye tanporè a. Definisyon sèten nan tèm sa yo enpòtan epi yo enprime kan yo ekri nan règlemantasyon Eta a.

“Releve nòt lan ap gen ladann dosye adminsitratif ki se done minimò ki nesèsè pou reflete pwogrè edikasyon elèv la. Done sa yo ap limite ak non, adrès ak nimewo telefòn elèv la; dat nesans li; non, adrès ak nimewo telefòn paran oswa gadyen an; tit klas yo, nòt (oswa ekivalan lè nòt yo pa aplikab), kals elèv la pase, ak nan ki ane li te pase klas la.” Dosye tanporè a pral gen ladann tout enfòmasyon nan dosye elèv la ki pa nan relve nòt la. Enfòmasyon sa a klèman ap enpòtan pou pwosesis edikasyon an. Enfòmasyon sa yo gendwa enkli rezilta tèst estandadize, klasman nan salklas la (chak fwa li aplikab), dosye sante, aktivite ekstrakirikilè esponsorize ak evalyasyon pwofesè, konseye ak lòt anplwaye lekòl la.

Anplwaye lekòl ki otorize divize an twa (3) gwoup:

1. Administratè, pwofesè, konseye ak prezidan Komisyon Lekòl Norwood anplwaye ki ap travay dirèkteeman ak elèv la nan kad administratif, ansèyman, oryantasyon epi/oswa dyagnostik.
2. Anplwaye biwo administratif ak anplwaye sekretarya Komisyon Lekòl Norwood anplwaye epi ki gen obligasyon ki mande pou yo jwenn aksè nan dosye elèv yo pou trete enfòmasyon pou dosye elèv yo.
3. Ekip Evalyasyon an, ki gen ladann moun ki evalye timoun ki gen laj pou ale lekòl konfòmeman ak Chapit 766 Lwa 1972 ak règlemantasyon ki pwomilge pou yo.

RESPONSIBILITE YON PARAN KI PA GEN GAD TIMOUN LAN PPOU LI RESEVWA DOSYE ELÈV LA

1. Pou kapab jwenn dosye elèv la, Paran ki pa gen gad pitit la dwe voye yon sèl demann alekri pou mande dosye yo.
2. Yon paran ki pa gen gad timoun lan elijib pou jwenn aksè nan dosye elèv la eksepte si:
 - a. Yo pa t akspte pou paran an gen gad legal la oswa yo bay li vizit anba sipèvizyon, su labaz yon menas pou sekirite elèv la epi menas la make espesifikman nan lòd ki gen pou wè ak gad legal oswa vizit anba sipèvizyon an, oswa
 - b. yo te refize bay paran an dwa vizit, oswa

- c. aksè paran an pou wè timoun lan liite pa yon lòd pwoteksyon tanporè oswa pèmanan, eksepte si lòd pwoteksyon an (oubyen kèlkeswa lòd ki vini apre a ki modifiye lòd pwoteksyon an) otorize espesifikman aksè nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la, oswa
 - d. gen yon lòd yon tribinal verifikasyon otantisite dokiman ei yon jij tribinal pou fanmi ki anpeche distribisyon dosye elèv la bay paran an.
3. Depi lekòl la resevwa demann lan, se pou li notifiye touswit paran ki gen gad timoun lan de demann lan ak yon lèt kourye sètifiye ak pa kourye premye klas, ni nan lang natifnatal paran ki gen gad timoun lan ni nan lang Angle. Avi a enfòmè paran ki gen gad la ke enfòmasyon yo mande konfòmeman ak Seksyon 34H fèt pou emte adispozisyon de paran ki fè demann lan apre 21 jou, ekspete si paran ki gen gad la bay direktè lekòl la dokimantasyon ki montre yon lòd tribinal ki aplikab.
 4. Depi demann lan apwouve, tout adrès elektwonik ak postal ansanm ak enfòmasyon sou nimewo telefòn ki gen pou wè swa ak adrès travay oswa kay paran ki gen gad timoun la ap retire nan enfòmasyon yo remèt yo. Dosye sa yo pa kapab sèvi pou enskri yon elèv nan yon nouvo lekòl.
 5. Tout dokiman sila yo ki limite oswa mete restriksyon sou aksè yon paran nan dosye yon elèv oswa enfòmasyon yo te bay lekòl la oswa distri lekòl la ap make nan dosye elèv la.

TRANSFÈ DOSYE YO

Konfòmeman ak Règlemantasyon osijè Dosye Elèv nan Massachusetts, lè yon elèv transfere nan yon nouvo lekòl, direktè a gendwa voye "tout dosye lekòl la okonplè" san konsantman paran an alavans. Si yon timoun transfere nan yon nouvo lekòl, swa andedan oswa andeyò Norwood, tout dosye lekòl li ap transfere nan nouvo lekòl la, ikonpri men san li pa limite ak dosye disiplin, releve nòt, dosye sante ak kèlkeswa dosye Edikasyon Espesyal yo.

DESTRIKSYON DOSYE ELÈV LA

Relve nòt elèv la pral rete nan depatman lekòl la epi yo gendwa detwi li swasant (60) lane apre gradyasyon, transfè oswa apre yo retire timoun lan nan sistèm lekòl la, epi sèlman si Komisyon Lekòl Norwood deside l.

Pandan peryòd elèv la te enskri nan yon lekòl, direktè a oswa moun li deziyen an gendwa gade epi detwi detanzantan enfòmasyon ki pa kòrèk, ki ansyen oubyen ki pa pètinan ki nan dosye tanporè a, a kondisyon elèv ki elijib la ansanm ak paran/gadyen li an notifiye epi yo bay opòtinite pou resevwa enfòmasyon an oubyen yon kopi de sa anvan pou yo detwi l. Yon kopi de avi sa a fèt pou rete nan dosye tanporè a.

Dosye tanporè kèlkeswa elèv ki enskri nan dat oswa apre dat règlemantasyon sa yo ap detwi sis (6) lane apre elèv la transfere, gradye oswa soti nan sistèm lekòl la. Yo pral fè yon avi alekri bay elèv ki elijib la ak paran/gadyen li konsènan tout oswa yon pati nan enfòmasyon yo, nan moman transfè, gradyasyon oswa retrè a. Avis a a anplis de notifikasyon konsènan destriksyon dosye yo ki nan lèt enfòmasyon woutin lan ki obligatwa selon Seksyon 10 règlemantasyon sa yo.

Lòt règlemantasyon yo ki gen pou wè ak dosye elèv yo disponib pou elèv yo ak pou lòt moun enterese ki kapab li yo nan biwo oryantasyon an.

LWA KONSÈNAN DWA EDIKASYONÈL FANMI YO AK KONFIDANSYALITE (FERPA)

Pandan ale lekòl, lekòl la gendwa divilge sou World Wide Web oswa nan piblikasyon non, adrès, klas, patisipasyon nan aktivite ak espò ki ofisyèl, diplom, onè, rekonpans ak plan apre lise san li pa bezwen konsantman elèv ki elijib la oswa paran yo. Anba Lwa sou Dwa Edikasyonèl Fanmi y ak Konfidansyalite (FERPA) paran yo epi/pswa elèv ki elijib yo gen dwa enfòmè lekòl la nan yon delè rezonab ke yo pa vle pou yo divilge sèten enfòmasyon san yo pa bay konstanman alavans yo. Moun ki pa vle pou yon pati oswa tout enfòmasyon sa yo divilge gendwa voye yon notifikasyon alekri bay direktè a.

LWA SOU NOTIFKASYON PARAN YO

Konfòmman ak Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 71, seksyon 32A, yon paran gendwa egzanpte timoun lan de kèlkeswa pati nan korikolòm la ki gen pou wè **prensipalman** ak edikasyon seksyèl imèn oswa kesyon ki an rapò ak seksyalite. Pou benefisye egzanpsyon sa a, yon paran dwe voye yon demann alekri bay direktè a pou mande yon egzanpsyon pou pitit li. Yo p ap penailize okenn elèv ki egzanpte de pati nan korikolòm sa a. Si paran yo epi/oswa elèv ki elijib yo ta renmen yon rzime de korikolòm sa a, tanpri kontakte biwo direktè a.

PATISIPASYON NAN EVÈNMAN EKSTRAKIRIKILÈ

Yon elèv pa gen dwa patisipe nan okenn evènman ekstrakirikilè oswa antrenman jou li absan oubyen pandan li nan sispansyon.

Epitou, elèv ki patisipe nan kativite ekstra-kirikilè dwe enskri nan Norwood High School oubyen nan yon pwogram ansèyman lakay ki apwouve. Elèv Norwood ki frekante lekòl prive gendwa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè nan Norwood High School si lekòl yo pa ofri okenn aktivite ki konparab.

ENFÒMASYON OSIJÈ DIVILGASYON NAN LAPRÈS

Pandan ane akademik la, laprès mande Norwood High School pou fè entèvyou epi/oswa pran foto elèv yo pou yon kantite evènman nouvel lekòl ki pozitif. Paran/gadyen ki pa vle bay pèmision pou entèvyou oswa foto pou yo itilize nan laprès ta dwe kontakte prezidan (dean) an.

AKTIVITE

Aktivite tankou Asanble Elèv, Klèb Fransè, G.S.A., S.A.D.D., ak Klèb Lamitye, kontre vè lafen jounen lekòl la epi y ap akeyi tout elèv ki enterese ak kalifye. Y ap ajoute oswa retire aktivite an fonksyon de enterè elèv y oak lè konseye anseyan yo disponib.

Elijibilite pou aktivite ekstra-kirikilè (ikonpri tout pozisyon eli yo), atletik ansanm ak pwogram mizik ak teyat, ap entèprete epi aplike selon menm estanda yo. Yon elèv dwe pran ven (20) kredi nan fen chak tèrm pou li kapab elijib pou patisipe nan aktivite. Nòt final pou ane a dwe reflekte estanda sa yo pou kapab elijib pou premye tèrm de pwochen ane akademik la. Konsèp sa a respekte rekòmandasyon Komisyon Konsiltatif sou Elijibilite (P.A.C.E) Direktè a

KONFLI: ATLETISM/BOZA

Sa ki annapre a se sa elèv yo ta dwe fè si gen yon konfli ant antrenman oswa yon evènman espòtik, ak yon repètisyon oswa yon evènman pou boza. Kesyon espesifik konsènan orè sa a ta dwe refere devan Direktè Atletik ak Direktè Boza yo.

	<u>Boza</u>	<u>Atletism</u>	<u>Responsabilite</u> <u>Elèv la</u>
	Repètisyon	Antrenman	Antrenman divize
	Pèfòmans	Antrenman	Pèfòmans
	Repètisyon	Pati a	Pati a
	Repètisyon	Sware Remiz de Pri	Sware Remiz de Pri
	Repètisyon ak kostim	Antrenman	Repètisyon ak kostim
	Repètisyon ak kostim		Pat an premye /Repètisyon an dezyèm
	Pèfòmans	Pati a	Chwa elèv la ak konsekans

Divès pwogram mizik an rapò ak nòt yo (Madrigal, Koral Konsè, Bann pou Konsè, Ansanm Enstriman a Van ak Òkès). Klas sa yo pwograme pandan lajounen ak sèten antrenman leswa anvan pèfòmans yo.

AKTIVITE LEKÒL LA PA ESPONSORIZE

Eablisman Norwood High School PA GEN DWA sèvi pou deplasman lekòl la pa esponsorize. Sa gen ladann itilizasyon avi chak jou, sal pou reyinyon ak afich sou tablo bilten anons yo.

DEPLASMAN AK TOUT KLAS LA

Deplasman ak klas la pwograme detanzantan pou anrichisman edikatif. Yo pral mande pèmision paran yo pou elèv yo kapab patisipe nan kèlkeswa deplasman lekòl la esponsorize. Yon elèv ki t resevwa yon avètisman "I ap echwe klas la" p ap elijib pou patisipe nan aktivite ki gen pou wè ak lekòl la ki ta fè li ta absan pou yon klas pandan rès tèrm la.

Yon elèv ki echwa yon klas p ap elijib pou patisipe nan okenn aktivite ki gen pou wè ak lekòl la ki ta fè li absan nan yon kals pandan omwens kòmansman pwochen tèrm la. Elijibilite pou deplasman ak kals la kapab re-etabli nan moman rapò sou pwogrè oswa kanè yo soti.

Si yon elèv gen yon alèji ki menase lavi li epi li bezwen yon epi-pen, nès lekòla la dwe gen lòd doktè a ki valab ansanm ak fòm pèmision paran yo siyen ansanm ak yon epi-pen resan anba men yo anvan pou elèv la patisipe nan yon deplasman ak klas la.

KOLÈK LAJAN

Elèv yo pa gen dwa vann nip ran kòmman pou mnachandiz lekòl la oswa pou kont lekòl la pou yon pwojè direktè a pat apwouve. Nan prèske tout sityasyon yo, se pou yo ta mande apwobasyon Komisyon Lekòl Norwood la.

ELIJIBILITE ATLETIK

Komisyon Lekòl Norwood la te adopte tout règ ak règleman Asosyasyon Atletik Entèskolastik Massachusetts (Massachusetts Interscholastic Athletic Association - MIAA).

Si yo pa respekte règ elijibilite yo, elèv la gendwa oblije konsede yon pati li te genyen. Yon erè kapab gache rekò yon bon sezon. Si gen dout konsènan elijibilite yon moun, al pale ak direktè a. Règ yo aplike pou tout ekip yo; inivèsité, inivèsité junior; tout klas. Komisyon Atletik MIAA ap rezoud tout kesyon konsènan elijibilite.

OU PA ELIJIB:

1. Si ou pa t manm yon lekòl segondè pandan de (2) mwa yo, eksepte sezon lete, mwa vakans, anvan konpetisyon an.
2. Si w te transfere de yon lise nan yon lòt.*
3. Si w app ran mwens pase 20 peryòd travay prepare.
4. Si w pa gen mwayèn lan nan omwens 20 peryòd travay prepare pou peryòd notasyon presedan an. Elijibilite akademik tout elèv yo ap ofisyèl epi desizyon an baze sèlman sou dat lè kanè pou peryòd klasman sa a te distribye bay paran tout elèv yo. Pou w kapab elijib pou espò nan sezon lotòn, nòt final ane presedan an ap detèmine si w elijib. Si w repete yon matyè apre ou te deja pran kredi pou matyè sa a, ou pa kapab konte pwen yo nan 20 mwen ki obligatwa yo.
5. Si, apre ou antre nan 9yèm Klas, douz (12) sezon espò youn dèyè lòt gentan pase, kèlkeswa si ou oswa si w pa t patisipe.*
6. Si ou 19yèm anivèsè w te tonbe anvan 1ye septanm ane lekòl sa a.
7. Si w te gradye yon lekòl segondè.
8. Si w nan 7yèm oswa 8yèm klas nan yon ekòl segondè premye sikl epi direktè a pa direktè lise a.*

9. Si w nan yon lekòl pwofesyonèl oswa nan divizyon aprantisaj pwofesyonèl oubyen nan yon lekòl altènatif ki pa anba jiridiksyon ak sipèvizyon direktè lise a.
10. Si yon antrenè, yon direktè atletik, yon direktè lekòl oubyen nenpòt ki lòt moun ki konekte ak lekòl la te “pèsyade w” oswa enfliyanse pou w transere nan lise kote ou ye koulye an.
11. Si w antrene w plis pase yon fwa nan yon jou avèk yon ekip lekòl ak yon ekip ki pa nan yon lekòl.
12. Si yo mete w deyò yon pati poutèt ou t ap goumen oswa out e gen konpòtman ki pa t fèple sou teren an, ou pa elijib pou jwenn nan pwochen pati ki pwograme a. Sa gen ladann, sa li pa limite ak izaj langaj menasan, abizif oswa obsèn. Si se dezyèm fwa pandan menm sezon an, w ap diskalifye pou w pa patisipe ankò nan sezon espòtif sa a pandan yon lane konplè.
13. Vyolasyon yon règ lekòl la ap debouche sou yon sispansyon ki kapab anpeche yon elèv patisipe nan atletik pandan yon sezon, pou ane a ubyen nan ka pi grav yo, pou toujou.

*Gen kèk eksepsyon oswa varyasyon nan règ sa a. Konsilte direktè atletik la oswa administrasyon an si gen yon dout posib.

PWOTOKÒL DANTANT (M.O.U.)

Lekòl Piblik Norwood yo ansanm ak Depatman Lapolis Norwood kontribye epi kowopere pou bay yon anviwònman ki san danje ak sekirize pou jennan nan lekòl la ak nan kominote a.

Yon entèmedyè lapolis deziyen pral enfòmè direktè a konsènan kèlkeswa arestasyon oswa pwoblèm ki gen pou wè ak sekirite epi aktivite non-kriminèl elèv Lekòl Piblik Norwood yo. Elèv yo ki enplike nan dosye sa yo gendwa ap sibi sanksyon lekòl ak sanksyon atletik tou. Ou gendwa konsilte tout Pwotokòl Dantant la nan biwo direktè a.

KOMISYON KONSILTATIF ELÈV YO

Chapit 71, Seksyon 38M, òganize eleksyon elèv yo ki kontre antanke konseye pou Komisyon Lekòl Norwood la. Yo eli elèv yo chak ane selon pwosedi konseye konsèy elèv la ki anplwaye lekòl la pral anonse. Komisyon lekòl la òganize pou owmen de (2) manm elèv ki pa gen dwa vòt kontre ak komisyon lekòl la. Elèv sa yo gendwa evoke sèten dosye pandan lòd di jou pwograme an oswa pandan sesyon egzekitif lane pi yo gendwa ak pèmision komisyon lekòl la, patisipe nan lòt sesyon egzekitif yo. Elèv sa yo eli chak ane pou yon mande 1nan.

KONSÈY LEKÒL LA

Seksyon 53 nan Chapit 71 Lwa 1993 yo etabli yon konsèy lekòl nan chak lekòl segondè nan Commonwealth la. Chak konsèy dwe gen kòm manm moun ki dekri annapre a: direktè a ki dwe youn nan de (2) ko-prezidan yo; pwofesè nan lekòl la; paran elèv ki frekante lekòl la; omwen yon elèv ki frekante lekòl la; epi “lòt moun” ki pa ni paran ni pwofesè ni elèv nan lekòl la. Sèl egzijans lan se pou kantite paran yo egal ak kantite pwofesè ki genyen plis direktè a.

KONSÈY ELÈV AK MANDA KÒM OFISYE SALKLAS LA

Objektif Konsèy Elèv la se pwomouvwa konpreyansyon, amelyore relasyon jeneral ant elèv ak anplwaye lekòl yo epi sipòte oswa aplike kèlkeswa pwogram oubyen lide ki pral benefisye lekòl la ak moun ki an rapò avèk li.

Eleksyon Ofisye Salklas yo òganize nan peryòd prentan nan chak lane lekòl. Elèv yo ki enterese pou kandida pou pozisyon sa a dwe jwenn pape nominasyon yo ansanm ak omwen ven (20) siyati lòt elèv nan menm klas avèk yo pou yo kapab mete non yo sou bilten vòt. Ofisye sila yo eli: prezidan, vis-prezidan, sekretè, trezorye, konseye atletik ak konseye boza (2016).

Ofisye Salklas yo pral patisipe epi pran yon wòl aktif nan Konsèy Elèv la. Yo tee li yo pou yo reprezante kòlèg yo, epi prezans ansanm ak patisipasyon nan reyinyon ak aktivite Konsèy Elèv la enpòtan. Manm yo oblije patisipe nan tout reyinyon yo yo convoke nòmman anvan oswa apre lekòl la. Si elèv la rate de (2) reyinyon, yo gendwa retire l kòm Ofisye Salklas la ansanm ak nan Konsèy Elèv la.

RÈGLEMANTASYON ELEKSYON YO

Eleksyon nan Konsèy Elèv la ak kòm Ofisye Salklas la se alafwa yon privilèj ak yon responsabiltè ki trè enpòtan. Li posib pou revwa kesyon konsènan règ ek règlemantasyon eleksyon yo ak Komisyon Elektoral la. Kandida yo pral benefisye omwen senk (5) jou lekòl pou rasanble siyati obligatwa yo pou yo kapab plase non yo sou bilten an. Elèv ki kandida pou Ofisye Salklas fèt pou li te aktif anvan sa antanke manm Konsèy Elèv pandan omwen yon (1) lane presedan (li te patisipe nan omwen 50% nan reyinyon Konsèy Elèv yo).

Ofisye Salklas yo: Prezidan
 Vis-Prezidan
 Sekretè
 Trezorye Fi yo
 Trezorye Gason
 Konseye Atletik Fi
 Konseye Atletik pou Gason
 Konseye Boza (Koumanse ak Klas 2016)

RESTRIKSYON POU ELEKSYON YO

Elèv yo ki ta enterese vin kandida pou pozisyon Ofisye Salklas la dwe resevwa omwen ven (20) siyati kòlèg salklas yo epi yo dwe patisipe nan yon reyinyon ak konseye Konsèy Elèv la pou yo kapab mete non yo sou bilten an. Pape nominasyon yo disponib nan men konseye Konsèy Elèv la. Yo p ap aksepte okenn kandida ki pa t sou lis la.

Pou kapab elijib pou yon pozisyon enpòtan, se pou elèv la patisipe deja nan Konsèy la pandan yon peryòd yon (1) lane. Elèv yo ki enterese pran yon wol konsiltatif dwe jwenn enfòmasyon an nan men konseye Konsèy Elèv la.

Tout kandida ak ofisye ki eli dwe gen mwayèn yo nan chak sijè epi pou yo gen bon konpòtman ak disiplin*. Si yon elèv pa reyisi atenn estanda sa a, yo pral plase li an pwobasyon (peryòd miz a leprèv) pou manda swivan an. Pandan pwobasyon an, elèv yo ta dwe patisipe nan tout aktivite Konsèy Elèv yo men pa nan yon wol lidè. Si elèv la apre sa atenn estanda a pandan peryòd miz a leprèv la, li gendwa repran pozisyon li oswa li elijib pou vin kandida pou pozisyon an. Chak ofisye otorize gen YON peryòd miz a leprèv (pwobatwa). Sizoka yo retire ofisye a, se kandida a ki rive an dezyèm pozisyon ki pral resevwa pozisyon an nan eleksyon final la.

Kèlkeswa mezi disiplinè yo bay yon elèv ki eli nan yon pozisyon ap fè ke prezidan depatman yo pral revwa referans li pou chèche konnen si elèv la ta dwe plase an pwobasyon oswa si yo ta dwe retire li nan pozisyon an. Jan sa make anlè a, chak ofisye gen dwa gen YON peryòd miz a leprèv, swa akademik oswa disiplinè.

*Li aplikab pou tout elèv yo eli nan pozisyon li nan kèlkeswa klèb oswa aktivite.

POLITIK POU KANPAY YO

Elèv yo ankouraje pou yo afiche siy kanpay electoral sou tablo anons yo ki toutotou bilding lan ak nan sal-a-manje elèv yo. Se pou yon prezidan depatman oswa konseye Konsèy Elèv la apwouve afich ak pano yo. Anplwaye lekòl la dwe retire afich ak pano ki negatif oswa ki pa apwopriye. Se pou konseye Konsèy Elèv la apwouve atik ki gen pou wè ak pwomosyon kanpay elektoral la.

PIBLISITE POU KANPAY

Nouvèl lematen yo disponib pou enfòmasyon osijè kanpay electoral la, lè w kontakte konseye nouvèl lematen an. Yo p ap difize okenn kanpay elektoral nan jou eleksyon an.

Fè kanpay elektoral entèdi nan sal-a-manje elèv yo nan jou eleksyon an. Sa gen ladann:

- distribye atik kanpay
- sipòte vèbalman yon kandida
- pote atik kanpay lan nan jou eleksyon an
- afiche pankat pou kanpay la

KOMISYON ELEKSYON YO

Komisyon Elektoral la ki gen ladann direktè a, konseye Konsèy Elèv la, prezidan depatman yo ak 2 elèv pral aplike règ ak règlemantasyon Eleksyon an. Yo gen dwa voye devan Komisyon an kèlkeswa pwoblèm konsènan elijibilite, pwosedi elektoral ak vòt la.

Komisyon Elektoral la pral kontre pandan peryòd prentan pou analize epi/oswa revwa pwosedi eleksyon yo.

SOSYETE DONÈ NASYONAL (NATIONAL HONOR SOCIETY)

Pou vin manm nan National Honor Society se youn nan pi gow onè yon elèv lise gendwa resevwa. Mentou se pa sèlman yon onè; gen anpil responsabilite tou epi yo ta dwe konsidere se kòmansman yon obligasyon, pa sèlman rezilta kokennchenn pèfòmans pou rekonesans ak onè. Envitasyon pou vin manm nan Society an posib pou jinyò ak senyò yo. Pou kapab antre nan Branch Norwood High School National Honor Society an, elèv ki ranpli kondisyon akademik yo ap envite pou yo aplike pou vin manm nan mwa desanm nan lane jinyò yo. Pou kapab ranpli kondisyon akademik yo, elèv yo dwe anrejistre nan Tablo donè pandan SENK (5) tèrm presedan yo anvan pou aplikasyon yo dwe voye (Sa gen ladann peryòd lotòn lane jinyò yo plis tout kat (4) tèrm twazyèm ane yo). Nan pami senk (5) tèrm sa yo, elèv la bezwen te enskri sou Tablo donè avèk Distenksyon oswa Premye Onè pou TWA (3) nan senk (5) tèrm yo. Elèv yo ki satisfè egzijans akademik sa yo ap envite vin aplike pou admisyon nan sosyete a. Yo pral evalye moun ki aplike yo non sèlman sou pèfòmans akademik yo mentou sou pèsonalite, lidèchip ak sèvis kominotè. Depi yo fin aksepte yo, elèv yo dwe prezève kat pilye NHS (etid, pèsonalite, lidèchip ak sèvis) pou kapab kenbe estate aktif antanke manm NHS. Jinyò yo ki pa elijib pou aplike oubyen ki pa aksepte ap gen yon lòt chans pandan peryòd lotòn lane senyò yo.

Pou kapab elijib akademikman, yon elèv la te dwe sou tablo donè pandan senk (5) tèrm youn dèyè lòt avèk twa (3) tèrm premye onè pandan yo te kontinye genyen yon mwayèn kimilatif minimum 85%. Anplis de egzijans akademik yo, gen estanda pou lidèchip, sèvis ak pèsonalite.

Konsèy Pwofesè a kontre pou evalye seleksyon chak elèv ki baze sou kalite lidèchip, sèvis, siksè akademik ak pèsonalite. Yo admèt elèv ki satisfè tout egzijans yo. Desizyon Konsèy Pwofesè a san rekou. Voye kèlkeswa kesyon ou genyen konsènan pwosesis admisyon oswa egzijans sosyete a bay konseye a.

Branch Norwood Honor Society a kowòdone yon pwogram titora ant kolèg nan divès matyè. Elèv ki vle asistans sa a ta dwe fè aranjman grasa konseye oryantasyon yo.

SOSYETE DONÈ BOZA NASYONAL (NATIONAL ART HONOR SOCIETY)

National Art Honor Society esponsorize pa National Art Educators Association. Branch Norwood High School la te mete anplas pandan lane 1982 epi se te 143rd branch nan tout peyi a. Seleksyon nan gwoup sa vle di yon elèv grasa jefò, atitud ak sans di devwa nan domèn boza te montre avèk konsistans pi gwo kalite nan pèfòmans boza, sèvis ak pèsonalite.

Pou kapab elijib akademikman, yon elèv dwe enskri nan yon klas boza pandan yon peryòd ki ekivalan ak yon (1) semès nan lekòl sa a. Kandida ki elijib yo dwe enskri nan lise (sophomore, junior, ak senior) epi pou yo gen 85% nan klas boza li epi yon mwayèn kimilatif minimal 80% nan lòt sijè li yo. Anplis tout nòt konpòtman ak jefò yo dwe O oswa S. Pou kontinye manm, elèv boza a dwe gen yon mwayèn 80% nan tout klas boza yo.

PATNÈ NAN SÈVIS NORWOOD (PINS)

Norwood High School te antreprann yon pwojè sèvis kominotè inovan yo konn rele 'PINS' (Patnè nan Norwood Service). Grasa jefò kolaboratif Konsèy Elèv la, pwofesè ak administrate yo, yo te ekri yon kontra pou yon egzanpsyon pou etid dirije premye oswa dènye segman pou kèlkeswa senyò ki te fè sèvis kominotè pandan mwa dete yo ak pandan dènye ane yo. Yo pral bay senyò ki pa gen pwoblèm akademik ni prezans kredi PINS.

Yon kopi objektif y o ak kondisyon kontra yo ansanm ak aplikasyon an disponib nan biwo direktè a pou moun ki enterese patisipe nan pwogram la.

KÒD DISIPLINÈ

Kòd disiplinè an te etabli pou kapab ofri yon atmosfè ki ede elèv yo jwenn siksè nan kokennchenn akonplisman akademik.

A. Elèv yo jwenn ki te fè enfraksyon sila yo pral resevwa **DETANSYON PWOFESE A**:

1. Rive an reta nan salklas la
2. Pa fè devwadmezon
3. Pa kouvri liv lekòl yo
4. Li pa pote materyèl yo te mande a nan salklas la
5. Lòt enfraksyon pouki pwofesè gendwa deside detansyon nesèsè

B. Elèv yo ki komèt enfraksyon sila yo pral resevwa **DETANSYON NAN BIWO**:

1. Rive an reta nan salklas la epi/oswa lekòl la oubyen li pa ale nan biwo prensipal la lè li an reta
2. Paking nan plas paking pwofesè yo oswa sou pwopriyete lekòl la san pèmi ki otorize
3. Kite pwopriyete lekòl la san pèmision – premye enfraksyon
4. Pa ale lekòl (lekòl bwisonyè)
5. Dezòd nan pwosesis edikasyon an
6. Absanteyism
7. Triche*
8. Konpòtman ki mechan (pa fè-ple) nan aktivite oswa konpetisyon atletik
9. Pa ale nan sal-a-manje pou elèv pandan segman dejne a dis (10) minit oplita apre sonri a san ekskiz
10. Pa fè devwadmezon
11. Manti
12. Vann atik administrasyon an pa apwouve
13. Kèlkeswa vyolasyon Politik Izaj Teknoloji ki Akseptab jan li make nan gid sa a
14. Pa ale nan yon detansyon yon pwoesè bay ap debouche sou de (2) detansyon nan biwo

*Triche nan lekòl la se yon enfraksyon ki trè grav. Triche pandan yon tès vle di elèv la pral resevwa yon zewo (0) pou tès/pwojè a. Se pwofesè oswa administrasyon an ki pral deside ki kalite mezi disiplinè apwopriye (detansyon/sispansyon) ki aplikab. Yo pral bay elèv la ant yon (1) ak senk (5) peryòd detansyon, selon gravite enfraksyon an.

C. Elèv yo bare ki te fè enfraksyon sila yo gendwa resevwa yon **SISPANSYON**:

1. Fimen epi/oswa itilize prodwi taba san fimen nan bilding lekòl la oswa sou pwopriyete lekòl la nenpòt kilè. Sa pral gen ladann tout posesyon prodwi taba oswa yon brikè.

2. Pèsekisyon epi/oswa bizutaj yon elèv
3. Triche
4. Pa ale nan biwo a lè yon anplwaye lekòl mande w fè l
5. Pa ale nan yon klas
6. Kite pwopriete lekòl la (dezyèm ak enfraksyon apre yo)
7. Vòl
8. Domaje Powprijete lekòl la**
9. Batay
10. Konpòtman ensolan, di betiz, di bagay ki pa apwopriye oswa ofansif (pa sèlman di move pawòl oswa ensilt)
11. Menase yon anplwaye lekòl la
12. Imite siyati oswa modifiye yon dokiman ofisyèl
13. Ekstòsyon epi/oswa koripsyon
14. Anrejistremen elektwonik oswa pran foto san otorizasyon
15. Jwe bòlèt epi/oswa vann atik lotri (pa egzant, kat pou pari sou espò)
16. Patisipasyon nan bagay ki koze dezòd lekòl la (ikonpri men ki pa limite ak peta, bonm fimijèn, alert alabonm, fo alert alabonm, elatriye)
17. Menas pou fè yon lòt moun ditò oswa zak vyolans
18. Fè pwomosyon vyolans nan kominikasyon alekri, aloral oswa nan lòt kalite kominikasyon
19. Elèv la pa pran vaksen oswa egzamen fizik ki obligatwa yo
20. Posesyon oswa itilizasyon yon atik ki potansyèlman danjre (pa egzant, yon kouto, razwa, baton, fe datifis)
21. Penetre san otorizasyon nan pwopriete lekòl la san otorizasyon lè lekòl la fini
22. Konpòtman enkòrèk pandan aktivite oswa konpetisyon atletik
23. Itilizasyon dwòg oswa alkòl lekòl la oswa nan aktivite lekòl la esponsorize, oubyen anvan pou ale lekòl oswa nan aktivite lekòl la esponsorize, oubyen si yon prezidan departman oubyen yon nès deklare elèv la anba enfluyans dwòg oswa alkòl***
24. Posesyon dwòg oswa alkòl oswa parafenalya pou pran dwòg lekòl la oswa nan aktivite lekòl la esponsorize***
25. Patisipasyon nan distribisyon (bay, ofri, twoke oubyen echanje) dwòg oswa alkòl lekòl la oubyen nan nan aktivite lekòl la esponsorize***
26. Elèv la plizyè fwa epi/oswa entansyonèlman pa respekte enstriksyon anplwaye lekòl la ki aji lejitimman ak otorite pozisyon yo bay yo
27. Nenpòt ajisman ki pa konfòm ak valè epi/oswa kalite ki endike nan Deklarasyon Misyon Lekòl Piblik Norwood yo
28. Kèlkeswa enfraksyon repete ki te deja sanksyone ak yon detansyon
29. Elèv la refize idantifye tèt li pou yon anplwaye lekòl la
30. Posesyon yon atik ki vole
31. Manti
32. Refize bay yon anplwaye lekòl yon aparèy elektwonik menmsi li mande elèv la
33. Pa respekte tout tan politik sou aparèy elektwonik oswa politik sou kòd vestimantè a
34. Kreye yon dezòd nan sal-a-manje elèv yo oswa nan lòt andwa kote anpil elèv rasanble
35. Fè taktik oswa konpòtman ki pral pwovoke dirèkteman yon goumen
36. Manyen moun yon fason ki pa apwopriye
37. Rele san rezon nimewo lekòl la pou rapòte absans yo

Administrasyon an gen dwa ogmante dire yon sispansyon jiska nenpòt kantite jou ikonpri jiska dis (10) enkli. Yo genda fè l nan sityasyon yo konsidere sitèlman grav oswa pou transgresyon disiplinè repete epi/oswa nan sityasyon kote elèv la pa aplike mezi korektiv yo.

Se entansyon Lekòl Piblik Norwood yo pou yo kreye epi yo prezève yon anviwònman ki san danje ak sekirize nan chak bilding lekòl. Anplis de estanda konpòtmantal jan sa endike nan Gid pou Elèv la, direktè a gen pouvwa pou decide si yon aksyon reprezante yon menas pou kenbe anviwònman an san danje ak sekirize. Epitou, direktè a gen pouvwa pou decide ki mezi disiplinè ki jistifye.

Referans pou ale nan administrasyon pou sanksyon disiplinè gendwa fè yo egzije pou yo fè evalyasyon sante mantal elèv la.

**Domaj nan pwopriyete lekòl la gendwa debouche sou detansyon, sispansyon, restitasyon monetè ak enplikasyon lapolis ki posib. Yon moun yo bay sispansyon poutèt li domaje pwopriyete lekòl la lè sispansyon sa a ta pwolonje jiska tout wikenn gradyasyon an p ap gen dwa patisipe nan ekzèsis gradyasyon yo.

*** Elèv ki resevwa yon sispansyon poutèt yo pa t respekte politik lekòl konsènan alkòl oswa dwòg p ap gen dwa patisipe ni reprezante lekòl la nan okenn fonksyon andeyò lekòl la tankou pou fè gradyasyon (pwòm), dans, aktivite atletik ak mizik, jounen salklas ak egzèsis gradyasyon pou omwens kat (4) semèn lekòl apatide dat enfraksyon an. Elèv ki patisipe nan acha dwòg oswa alkòl lekòl la ap ekskli nan tout aktivite ki gen pou wè ak lekòl pou omwen sis (6) semèn. Poutèt se yon enfraksyon grav, se pou yo pa bliye, apre elèv la tounen lekòl la, l ap dwe kontre komisyonegzamen disiplin. Komisyon an, apre li tande prèv yo, gendwa fè yo ekskli elèv la pou li pa ka patisipe nan okenn aktivite andeyò lekòl pou rès ane a.

D. Elèv yo bare ki komèt enfraksyon sila yo gendwa **EKSPILSE DE LEKÒL LA:**

1. Distribisyon oswa posesyon (bay, ofri, twoke oswa echanje) alkòl oswa dwòg sou pwopriyete lekòl la oubyen nan manifestasyon lekòl la òganize.

“Chapit 94C, seksyon 32J Lwa Jeneral Massachusetts yo mande pou yo aplike yon SANTANS OBLIGATWA DE (2) ZAN pou kèlkeswa moun lan ki nan yon ditans ki mwens pase mil pye de bilding yon lekòl, kondane pout èt youn nan sa ki annapre yo:

- a. Vann oswa bay dwòg
- b. Fè komès dwòg
- c. Posede dwòg avèk lide pou vann sowa bay li
- d. Prodwi dwòg oswa
- e. Kiltive mariwana

Lwa sa a endike se pou tout moun yo kondane POU LI OBIJE fè santans obligatwa a san li pa gen posibillite pou benefisye libète kondisyonèl, sirsì oubyen rediksyon tan an poutèt li te gen bon konpòtman. Epitou, lalwa a enpoze santans obligatwa a kèlkeswa si toujou gen lekòl nan moman enfraksyon an.”

2. Agresyon epi/oswa kou epi blesi sou yon manm staf la oswa sou byen li
 3. Vyolasyon repete de politik konsènan dwòg ak alkòl
 4. Pèsikisyon pwofesè oswa elèv yo
 5. Bizoutaj youn oswa plizyè elèv
 6. Mete dife oswa lòt ensidan vandalism ki ekstrèm.
 7. Posesyon oswa itilizasyon yonatik danjre (kouto, zam, eksplozif oubyen nenpòt ki bagay yo itilize pou menase epi/oswa atake yon anplwaye oubyen yon elèv)
 8. Refize plizyè epi/oswa entansyonèlman respekte direktiv anplwaye lekòl la ki aji lejitimman nan kapasite ofisyèl yo, ki debouche nan pètibasyon grav nan edikasyon oswa byennèt jeneral lòt elèv yo.
 9. Anpil batay oswa dispit aloral
 10. Menase yon anplwaye lekòl la epi/oswa kreye yon atmosfè menasan pou yon anplwaye
- Yo dwe remake ke pòte kòd disiplin sa a pral enkli tout aktivite ki gen pou wè ak lekòl la, ikonpri transpò ale-tounen nan lekòl la. Elèv yo gen dwa fè apèl kont desizyon disiplinè Sipèrentandan Lekòl la pran.

E. Definitasyon yo

1. **Manke** – absans nan yon klas san otorizasyon
 2. **Lekòl bwisonyè** – absans ki pa otorize pou plis pase de (2) klas nan yon (1) jounen
 3. **Detansyon** – prezans obligatwa pou vyolasyon règ oswa règlemantasyon lekòl la—yon pwofesè, prezidan departman oubyen yon administratè enpoze
 4. **Detansyon an pran presedans sou tout angajman andedan ak andeyò lekòl la.** Move konpòtman nan detansyon oswa pa vini prezante w nan detansyon gendwa fè yo bay elèv la plis jou detansyon oswa sispansyon toujou.
 5. **Sispansyon/Eksklizyon** – Fè referans a seksyon konsènan Pwosedi ekitab ki nan tiliv la.
- F. Kontra pou Bal Gradyasyon an (Prom)

Pandan peryòd prentan 1989, Komisyon Lekòl Norwood la te adopte yon politik ki mande pou tout senyò nan Norwood High k ap patisipe nan bal seremoni gradyasyon an, ansanm ak yon paran/gadyen li, pou yo siyen yon kontra. Anplis de referans a pati ki aplikab nan kòd disiplinè a, kontra a gen ladann sa ki annapre a:

“Lè nou achte yon tikè pou oswa si nou vle patisipe nan bal seremoni gradyasyon an, noumenm, ki siyen anba dokiman sa a, nou rekonèt responsabilite ak obligasyon nou konfòmman ak règ lekòl la. Epitou nou dakò ak sa ki anba la a:

1. Paran/gadyen an p ap esponsorize okenn fèt kòktèl anvan bal la kote gen bweson ak alkòl ki disponib.
2. Paran/gadyen an p ap entansyonèlman otorize piti gason/fi li patisipe nan yon fèt anvan bal la kote gen bweson alkolize ki disponib.
3. Elèv ak paran/gadyen an konprann yo p ap kite pèsòn antre nan bal la 1 èdtan apre li kòmanse eksepte si prezidan departman an oswa yon administratè te bay otorizasyon.
4. Elèv ak paran/gadyen an konprann si moun sispèk yon elèv t ap bwè oswa t ap rpan dwòg, yo pral refere elèv sa a lapolis pou yo trete sityasyon an tankou yon vyolasyon lalwa.
5. Elèv ak paran/gadyen konprann ke lè moun bwè nan machin ak nan limouzin se tou yon vyolasyon lalwa, epi y ap konsidere se zafè lapolis pou okipe.
6. Elèv ak paran/gadyen konprann kèlkeswa senyò ki jwenn sispansyon poutèt l ap pran dwòg oswa alkòl p ap patisipe nan jou salklas la ni nan gradyasyon.
7. Kèlkeswa vyolasyon pou dwòg oswa pou alkòl nan fèt apre bal gradyasyon an”

PLAJYA

Norwood High School define plajya konsa:

“Plajye” vle di

1. Vòlè epi lese kwè (lide oswa sa yon lòt moun di) tankou si se te pa w yo te ye
2. Itilize (prodiksyon yon lòt moun) san ou pa kredite sous la
3. Prezante yon lide oswa yon prodwi tankousi se yon bagay ki nouvo epi original alòs keou pran yo nan yon sous ki deja egziste

Tout sa ki annapre an konsidere tankou plajya:

1. Remèt devwa yon lòt moun fè tankousi se te oumenm ki te fè l
2. Kopye mo oswa lide ki soti nan yon lòt sous san ou pa kredite sa klèman
3. Pa mete giymè yo nan sitasyon yo
4. Chanje mo yo men kopye estrikti fraz yon sous san ou pa kredite sous la klèman
5. Kopye tèlman mo oswa lide yon lòt sous pou sa konstitye pifò travay ou, kèlkeswa si ou kredite sous la o non
6. Itilize yon sèvistradiksyon nan yon klas Lang Etranjè
(de: www.plagiarism.org)

Parafraze

“Parafraze vle di pran lide yon lòt moun epi ekri lide sa yo ak pwòp mo ou yo. Parafraze PA VLE di chanje yon mo oswa de (2) nan fraz yon lòt moun, chanje estrikti fraz la anmenm tan ou kenbe menm mo ki te genyen alorijin yo ni chanje kèk mo pou mete sinonim alaplas. Si w tante pou reyaranje yon fraz nan fason ki dekri anlè

yo, w ap prèske kopye dokiman original la. Sa rele plajya, men se pa parafraze.”
<http://www.unc.edu/depts/wcweb/handouts/plagiarism.html>)

Sizoka yo sispèk yon elèv ap fè plajya, se pou pwofesè salklas la:

1. Rapòte ensidan an bay direktè departman an pou diskite enfraksyon an epi deside konsekans akademik yo sa pral genyen.
2. Rapòte ensidan an ansanm ak konsekans akademik yo bay rezidan departman ki apwopriye a.
3. Rapòte ensidan an bay konseye oryantasyon ki apwopriye a (si yo konfime plajya a).

Si yo wè elèv late plajye, pwofesè salklas la, apre li konsilte direktè departman an epi apre li enfòm prezidan an, li pral chwazi konsekans akademik ki apwopriye yo. Paran/gadyen elèv la ap notifiye de ensidan an, epi prezidan an pral chwazi konsekans akademik yo sou labaz sa ki annapre a:

1. Preme enfraksyon: Prezidan departman an pral dokimante ensidan an epi l ape side ki konsekans akademik sa va genyen. Selon gravite enfraksyon an, prezidan an gendwa aplike mezi disiplinè tou.
2. Dezyèm enfraksyon: Yon sispansyon 1 jou anplis de konsekans akademik pwofesè salklas la deside.
3. Twazyèm ak tout lòt enfraksyon ki vini apre sa: Yon sispansyon twa (3) jou oswa plis anplis de konsekans akademik pwofesè salklas la deside. Elèv la ansanm ak paran/gadyen li an pral kontre ak prezidan an ak administratè a pou yon reyinyon pou elèv la kapab tounen lekòl la.

Enfraksyon sa yo konte kimilativman an sou yon peryòd kat (4) lane nan Norwood High School. Plajya se yon fòm triche, kifè tout enfraksyon yo kimilativ.

ELÈV KI GEN BEZWEN DISIPLIN ESPESYAL AK ELÈV KI GEN PLAN 504 YO

Tout elèv dwe satisfè egzijans konpòtman ki fikse nan gid sa a. Lalwa ak Règlemantasyon Federal mande pou yo fè pwovizyon adisyonèl pou elèv ki andikape. Rektè lekòl la oswa moun li deziyen an dwe notifiye Direktè Edikasyon Espesyal la de enfraksyon ki sanksyone ak sispansyon yon elèv ki gen IEP oswa yon Plan Adaptasyon 504 komèt.

Anplwaye Administrasyon Lekòl la gendwa ekskli yon elèv ki andikape de lekòl la poutèt yon vyolasyon disiplinè pou 10 jou youn dèyè lòt omaksimòm (nan lamezi altènativsa yo aplikab pou elèv ki san andikap), epi pou retrè adisyonèl ki pa depase 10 jou nan menm ane akademik la pou ensidan separe ki gen pou wè ak move konpòtman (toutotan retrè sa yo pa konstitye yon chanjman plasman) ki ekivalan ak disiplin yo pa enpoze sou elèv ki pa andikape pou menm enfraksyon an. IDEA 2004, Seksyon 615 (k) (1) (B).

Apre yo retire yon timoun andikape de plasman li pou 10 jou lekòl nan menm ane a, pandan kèlkeswa jou retrè apre yo, se pou piti la kontinye resevwa sèvis ki pèmèt pitit la patisipe nan korikòlòm edikasyon jeneral la, menmsi nan yon lòt kad, epi pou l pwogrese pou atenn objektif IEP pitit la; epi pitit la dwe resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl ansanm ak sèvis entèvansyon konpòtmantal ak modifikasyon ki fèt pou jere vyolasyon konpòtmantal la pou li pa rekòmanse.

10 jou oplita apre desizyon pou chanje plasman yon timoun ki andikape poutèt vyolasyon yon kòd konpòtman pou elèv, distri a, paran (yo) ansanm ak manm Ekip IEP pitit la ki pètinan dwe analize tout enfòmasyon ki pètinan ki nan dosye elèv la, ikonpri IEP pitit la, kèlkeswa obsèvasyon pwofesè a fè ak kenenpòt enfòmasyon pètinan paran oswa gadyen yo te founi pou yo kapab chèche konnen si:

- (a) konpòtman an te koze, oubyen gen yon rapò enpòtan epi dirèk ak andikap pitit la, oswa
- (b) konpòtman an se rezilta dirèk echèk distri a pou aplike IEP a

Se pou yo jije konpòtman an se manifestasyon andikap pitit la si distri, paran ansanm ak manm pètinan Ekip IEP pitit la deside ke yon kondisyon ki swa nan paragraf (i) oswa nan paragraf (ii) te reyalize. Ekip la pral tire yon konklizyon, yon detèminasyon manifestasyon, konsènan rapò ki genyen ant move konpòtman elèv la ak andikap li an, òganize yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, si nesèsè epi modifiye oswa korije IEP a pou bay sèvis Edikasyon Espesyal pandan sispansyon an, oubyen pou enkli yon plan entèvansyon konpòtmantal. Si distri a,

paran (yo) ansanm ak manm pètinan Ekip IEP an rive nan desizyon konpòtman se teyon manifestasyon andikap pitit la, se pou Ekip IEP a:

1. Swa : (a) Òganize yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, eksepte si distri a te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl anvan konpòtman aki ki te debouche sou chanjman plasman an epi yo te aplike yon plan entèvansyon konpòtmantal pou timoun la, oubyen
(b) Si yon plan entèvansyon konpòtmantal te devlope deja, analize li epi modifiye li sis a nesèsè pou abode konpòtman an epi
1. Eksepte jan sa make nan 34CFR 300.530(g) nan seksyon sa a, remete timoun lan nan plasman kote yo te retire l la, eksepte si paran an ak distri a dakò pou chanje plasman an nan kad modifikasyon plan entèvansyon konpòtmantal la.

Gen sèten sikonstans espesyal kote distri a gendwa retire yon elèv inilateralman epi plase li nan yon anviwònman Edikasyon Altènatif Enterimè san gade si yo detèmine konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun lan. Espesifikman, anplwaye lekòl la gendwa retire yon elèv nan yon Anviwònman Altènatif Enterimè pandan 45 jou omaksimòm san gade si yo detèmine konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun lan, si piti la:

- (a) Gen yon zam sou li oswa posede yon zam pandan li lekòl, sou pwopriyete lekòl la oswa si li gen yon zam sou li oubyen si li posede yon zam pandan yon evènman lekòl la ki anba jiridiksyon distri a, oswa
- (b) Li posede oswa li sèvi entansyonèlman ak dwòg ki ilegal oswa si li eseye vann yon sibstans ki kontwole pandan li lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize ki anba jiridiksyon distri a, oswa
- (c) Li blese gravman yon lòt moun pandan li lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize ki anba jiridiksyon distri a.

Nan dat lè yo te pran desizyon an pou retire pitit la ki konstitye yon chanjman plasman yon timoun ki andikape poutèt vyolasyon yon kòd konpòtman lekòl la, se pou distri a notifiye paran yo konsènan desizyon sa a, epi pou yo prezante paran yo yon avi mezi pwoteksyon pwosediral yo ki dekri nan 34 CFR 300.504. Direktè Bildung lan pral notifiye Direktè Edikasyon Espesyal la epi ansuit li pral notifiye Depatman Edikasyon Primè ak Segondè, jan mach a swiv la mande l. Tout amannman yo ki vin apre yo ki modifiye lalwa Eta a oswa lejislasyon Segondè a pral gen priyorite sou pwovizyon kontrè ki nan tiliv la.

Yon elèv ki poko elijib pou Edikasyon Espesyal gendwa resevwa pwoteksyon anba règlemantasyon IDEA 2004 yo si yo ka panse distri a te gen konesans deske elèv la gen yon andikap. Se pou distri a te konnen pitit sa a se yon pitit ki gen yon andikap si anvan konpòtman an rive ki te te deklanche aksyon disiplinè a si sa ki dekri anba la a te rive deja:

- (a) Paran timoun lan te eksprime enkyetid li alekri bay yon anplwaye sipèvizyon oswa administratif nan ajans edikasyon apwopriye a, oswa pwofesè pitit la, kòm kwa pitit la bezwen Edikasyon Espesyal ak sèvis ki asosye yo, oswa
- (b) Paran pitit la te mande yon evalyasyon pou timoun lan konfòmman ak Seksyon 300.300 jiska 300.311, oswa
- (c) Pwofesè pitit la oswa lòt anplwaye distri a te eksprime enkyetid li osijè yon seri konpòtman pitit la te genyen dirèkteman bay Direktè Edikasyon Espesyal ajans lan oswa bay anplwaye sipèvizyon ajans lan.

Yo p ap konsidere distri a te okouran si:

1. Paran pitit la:

- (a) pa t otorize yo fè okenn evalyasyon de pitit la konfòmman ak 34 CFR 300.300 jiska 300.311, oswa
- (b) te refize sèvis IDEA ofri

2. Pitit la te evalye konfòmman ak Seksyon 300.300 jiska 300.311 epi yo konstate li pa yon timoun ki gen yon andikap nan kad seksyon sa yo. Si distri a pa okouran deske yon timoun gen yon andikap (konfòmman ak paragaf (b) ak (c) nan seksyon sa a) anvan li te pran mezi disiplinè kont pitit la, pitit la kapab sibi mezi disiplinè yo aplike pou timoun ki pa andikape ki gen menm kalite konpòtman. Si yo fè yon

demann pou evalyasyon yon timoun pandan peryòd kote timoun lan dwe sibi mezi disiplinè selon 34 CFR 300.530, se pou yon òganize evalyasyon an yon fason ki rapid.

Jiskaske evalyasyon an fini, se pou timoun lan rete an plasman edikasyon otorite lekòl la deside, ki kapab enkli sispansyon oswa ekspilasyon san sèvis edikasyon. Si yo wè timoun lan gen yon andikap, lè yo pran an kont enfòmasyon kinan evalyasyon paran yo bay, ajans land we ofri Edikasyon Espesyal ansanm ak sèvis asosye konfòmman ak pati sa a, ikonpri egzijans ki make nan 34 CFR 300.530 jiska nan 300.536 ak IDEA 2004 seksyon 612 (a)(1)(A).

Paran yon timoun ki andikape ki pa dakò ak okenn desizyon konsènan plasman nan kontèks sa a de detèminasyon sou manifestasyon an oswa yon distri ki kwè si yo kenbe plasman aktyèl timoun lan sa va koze timoun lan oswa lòt moun yon domaj, paran sa yo gendwa fè apèl kont desizyon an; pou fè sa, se pou yio mande yon odyans opre Biwo Apèl pou Edikasyon Espesyal ki nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts.

Seksyon 504

1. Antanke lejislasyon ki entèdi diskriminasyon, Seksyon 504 anpeche distri an sanksyone elèv ki andikape pi sevèman pase elèv ki pa andikape anba menm aklite sikonstans yo. Epitou, yo pa kapab ekspilse oswa sispann elèv yo idantifye ki andikape anba Seksyon 504 pandan plis pase 10 jou nan yon lane lekòl poutèt move konpòtman ki yon manifestasyon andikap elèv la.

2. Si yon sispansyon p ap depase 10 jou lekòl youn dèyè lòt epi sa p ap antrene elèv la resevwa sispansyon plis pase 10 jou lekòl youn dèyè lòt pandan ane lekòl sa a, yo gendwa sanksyon elèv la menm jan ak yon elèv ki pa andikape nan menm kalite sikonstans yo. Elèv lan gendwa resevwa yon sispansyon pou piplis pase 10 jou, youn dèyè lòt oswa kimilativman, sèlman si Ekip Seksyon 504 lan deside konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap elèv la.

3. Si yo pwopoze bay yon elèv yon sispansyon ki depase limit 10 jou a, Ekip Seksyon 504 lan ta dwe kontre epi fè yon detèminasyon sou manifestasyon konfòmman ak pwosedi detèminasyon sou manifestasyon 504 yo.

4. Sepandan, li pa nesèsè pou fè yon analiz manifestasyon ou detèminasyon, kèlkeswa dire sispansyon oswa ekspilasyon an, si elèv la konn pran alkòl oswa dwòg ilegal epi konpòtman an ki debouche sou yon aksyon disiplinè se yon enfraksyon ki gen pou wè ak alkòl oswa dwòg. Selon sikonstans sa yo, elèv la gendwa resevwa menm kalite sanksyon ak lòt elèv nan menm sikonstans yo.

POLITIK KONSÈNAN ITILIZASYON TEKNOLOJI AKSEPTAB

Objektif

The Norwood Public Schools ap ofri anplwaye ak elèv yo aksè nan rezo sistèm la, ikonpri aksè nan rezo ekstèn yo, pou objektif edikatif ki limite. Objektif edikatif defini tankou aktivite nan salklas, devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon espesyalize ak aktivite pou devlopman pèsonèl wo nivo ki gen yon karaktè edikatif. Objektif sistèm/rezo a se ede pare elèv yo pou yo kapab jwenn siksè nan lavi ak nan travay yo, anske yo jwenn aksè nan anpil enfòmasyon ak kapasite pou kominike ak lòt moun. Sistèm/rezo a ap sèvi pou ogmante kominikasyon (anplwaye, paran ak elèv), amelyore prodiktivite an epi ede anplwaye yo amelyore konpetans yo epi akteri nouvokonpetans grasa anpil echanj enfòmasyon. Sistèm/rezo an ap sèvi tou pou bay kominote an enfòmasyon, ikonpri paran yo, ajans gouvènmantal ak biznis yo.

Disponibilite

Sipèntandan Ekòl yo oubyen moun li deziyen an, pral mete anplas, siveye epi evalye sistèm/rezo Lekòl Piblik Norwood lan nan kad objektif edikatif ak administratif.

Aksè nan sistèm/rezo a, ikonpri nan rezo ekstèn yo, ap disponib pou anplwaye ak elèv pou objektif edikatif ak administratif epi konfòmman ak règlemantasyon ak pwosedi administratif yo.

Aksè nan sistèm/rezo a se yon privilèj li ye, se pa yon dwa. Tout itilizatè yo ap dwe akize resepsyon epi konfime yo konprann tout règlemantasyon ak pwosedi administratif yo ki òganize itilizasyon sistèm lan epi y ap dwe aksepte alekri pou yo respekte règlemantasyon ak pwosedi sa yo. Non-konfòmite ak règlemantasyon ak pwosedi ki aplikab gendwa debouche sou sispansyon oswa rezilyasyon privilèj itilizatè yo ansanm ak lòt mezi disiplinè ki respekte politik Lekòl Piblik Norwood yo. Vyolasyon lejislasyon an gendwa antrene pouwit devan tribinal penal ansanm ak mezi disiplinè Lekòl Piblik Norwood yo pral aplike.

Itilizasyon ki Akseptab

Sipèntandan Lekòl yo oswa moun li deziyen an pral etabli epi mete anplas règlemantasyon, pwosedi, tèm ak kondisyon pou itilizasyon ak antant ant itilizatè yo ki respekte objektif ak misyon Lekòl Piblik Norwood yo ansanm ak lejislasyon epi politik ki reji dwa dotè.

Itilizasyon anba Siveyans

Done ki estoke, transmisyon imèl ansanm ak lòt itilizasyon resous elektwonik nan men elèv ak anplwaye yo pa konsidere kòm konfidansyèl epi anplwaye ki deziyen yo gendwa siveye yo nenpòt kilè pou yo asire itilizasyon resous sa yo apwopriye pou objektif edikatif ak administratif.

Responsabilite devan Lalwa

Lekòl Piblik Norwood yo p ap responsab si itilizatè an sèvi ak resous elektwonik yon fason ki pa apwopriye oswa vyole restriksyon dwa dotè, pou erè oswa neglijan itilizatè yo oswa pou depans itilizatè yo. Lekòl Piblik Norwood yo p ap responsab pou asire prezizyon oswa izabilite kèlkeswa enfòmasyon yo jwenn sou rezo ekstèn yo.

Entwodiksyon

Objektif prensipal rezo sistèm lan se pwomosyon opòtinite edikasyon grasa pataj resous, inovasyon ak komunikasyon atravè rezo global la. Sistèm/Rezo sa pral pèmèt elèv ak anplwaye yo no sèlman pou yo jwenn aksè ni nan Rezo Zòn Lokal la, ni nan Entènèt tou. Entènèt la se yon gwo rezo global konpitè kote tout moun kapab jwenn aksè nan resous ki divès ak san parèy.

Men lè yo ogmante aksè timoun yo nan konpitè ak avèk moun toupatou nan lemon, bagay ki pa gen okenn vale edikatif ap pi disponib tou. Norwood pran prekosyon pou limite aksè nan bagay ki kesyonab grasa itilizasyon yon pwogram lojisyèl ki kapab limite oswa anpeche aksè a nan sèten sit. Sepandan, nan yon rezo global, li pa posib pou kontwole tout bagay yon itilizatè kapab jwenn.

Pwosedi administratif ak **Tèm ak Kondisyon Itilizasyon Akseptab** Rezo/Sistèm la te adopte pou ede asire itilizatè Entènèt ansanm ak tout lòt aspè rezo an kontinye sèvi kòm yon resous edikatif. Lis **Tèm ak Kondisyon** yo pa fini. Lekòl Piblik Norwood yo gendwa notifie yon itilizatè konsènan kèlkeswa lòt aksyon ki entèdi konsènan itilizasyon Sistèm/Rezo a epi pou l chanje **Tèm ak Kondisyon** ak **Pwosedi Administratif** yo san preyavi.

Yon itilizatè ki pa respekte politik distri a, pwosedi administrative yo oswa tèm ak kondisyon pou itilize Sistèm/Rezo a resevwa sanksyon sispansyon oswa revokasyon privilèj Sistèm/Rezo li ansanm ak aksyon disiplinè epi/oswa pouwit devan tribinal. Distri a pral kowopere nèt ak ofisyèl local, federal ak Eta a nan kèlkeswa ankèt ki konsène oswa ki gen pou wè ak move itilizasyon Sistèm/Rezo a.

Tèm Ak Kondisyon Pou Itilizasyon

1. Anplwaye yo ap jwenn aksè nan sistèm/rezo a apre yo siyen yon Konvansyon Itilizatè.
2. Elèv yo ap jwenn aksè nan sistèm/rezo a apre yo siyen yon Konvansyon Itilizatè.
Paran/Gadyen yo dwe siyen yon Konvansyon Itilizatè pou elèv yo ki poko gen 18tan.
3. Sistèm/rezo a se pou aktivite edikasyon sèlman.
4. Izaj komèsyal de sistèm/rezo a entèdi.
5. Sistèm/rezo a pa ka sèvi pou aktivite divètisman oswa aktivite lalwa, règlemantasyon oswa politik entèdi.
6. Sistèm/rezo a pa kapab sèvi pou objektif ilegal, pou fè aktivite ilegal oswa nenpòt aktivite lalwa, règlemantasyon oswa politik yo entèdi.
7. Itilizatè endividyèl ap toujou responsab pou jan yon sèvi ak sistèm la.
8. Administratè Sistèm la pral bay modpas ki pral make nan Konvansyon Itilizatè a. Itilizatè yo p ap chanje modpas yo san otorizasyon Sistèm Administratè a ki dwe enfòmè de sa.
9. Modpas yo konfidansyèl. Itilizatè a fèt pou pwoteje tout modpas yo epi pou pa pataje ni afiche yo.
10. Itilizatè Sistèm yo pa gen dwa sèvi ak kont yon lòt itilizatè. Men gen eksepsyon: onivo prime kote elèv yo gendwa itilize kont pwofesè a, si li konn sa epi li bay otorizasyon li.
11. Se sèl Administratè Sistèm la oswa lòt moun ki otorize ki gen dwa telechaje sou Entènèt oswa sou konpitè yo pwogram nan domèn piblik la sou sistèm/rezo a.
12. Lojisyèl oswa done ki pwoteje pa dwa dotè p ap plase sou sistèm/rezo distri a san otorizasyon detantè dwa dotè a ak Administratè Sistèm la.
13. Itilizatè sistèm yo gendwa distribye dokiman ki pwoteje pa dwa dotè sèlman si yo jwenn otorizasyon alekri benefisyè dwa dotè a oswa moun li deziyen an. Pèmasyon sa a dwe espesifye nan dokiman an oswa konfòmman ak lejislasyon sou dwa dotè, politik distri a ak pwosedi administrativ yo.
14. Itilizatè sistèm yo ta dwe pirje enfòmasyon elektwonik konfòmman ak direktiv retansyon distri a.
15. Li entèdi pou eseye efase, kopye oswa modifiye imèl lòt itilizatè oswa entèfere ak kapasite lòt itilizatè pou voye/resevwa imèl.
16. Li entèdi pou eseye domaje oswa detwi ekipman, materyèl, done oswa pwogram yo.
17. Si yo fè vandalism, administrasyon an pral anile privilèj itilizatè yo epi l ap mande konpansasyon pou repare materyèl enfòmasyon, lojisyèl oswa sistèm la.
18. Tantativ delibere pou degrade oswa pèrtibe pèfòmans sistèm la gendwa entèprete tankou vyolasyon politik distri a epi/oswa aktivite kriminel selon lalwa aplikab ak lejislasyon federal la. Sa gen ladann, men sa pa limite, ak telechajman oswa kreyasyon de viris enfòmasyon.
19. Li entèdi pou fè fo dokiman oswa imitasyon.
20. Li entèdi pou pran idantite yon lòt moun lè w ap voye/resevwa mesaj.
21. Li entèdi pou transmit oswa gade imaj obsèn oswa pòrnografik, mesaj ki ensite a la hèn epi/oswa dokiman ki ilegal.
22. Li entèdi pou itilize pawòl ki pa apwopriye, joure, di betiz, ensilt rasyal oswa etnik oubyen lòt pawòl ki imilye oswa ofanse.
23. Itilizatè a p ap kontourne oswa eseye kontourne kèlkeswa mir de fe ki etabli sou rezo a ni ankouraje lòt moun fè l non plis.
24. Itilizatè a p ap aksede ni eseye jwenn aksè nan okenn site ki entèdi. Administratè yo ap anplwaye yo gen dwa tcheke detanzantan fason elèv yo sèvi ak sistèm lan, epi, si administratè a oswa anplwaye a wè bagay ki pa apwopriye oswa ki an vyolasyon de **Pwosedi Administrativ konsènan Izaj ki Akseptab yo ansanm ak Tèm ak Kondisyon yo**, yo pral mande elèv la pou li fèmen fenèt ekran an kote bagay ki pa apwopriye a afiche.
25. Si gen bagay ki ofansan oswa ki ilegal ki parèt sou ekran yon itilizatè elèv, elèv la pral kite ekran an epi li pral montre l yon anplwaye lekòl lan.
26. Itilizatè yo p ap patisipe nan voye lèt an chenn oswa mesaj ki difize sou lè zonn.
27. Li entèdi pou revele enfòmasyon pèsònèl (adrès, nimewo telefòn, elatriye).
28. Itilizatè ki elèv dwe limite tan yo pase anliy a kenz (15) minit si gen lòt elèv k ap tann pou jwenn aksè.
29. Tan pou telechaje a pa kapab pran twò lontan (nou sijere senk (5) minit oswa mwens).

30. Alafen yon sesyon travay, se pou itilizatè a etenn sistèm/rezo a kòrèkteman.
31. Elèv k ap fin fè yon devwa ki obligatwa ap gen la priyorite pou itilize ekipman an apre jounen lekòl la fini.

Pwosedè Administratif yo

1. Chak itilizatè ap resevwa yon kopi Pwosedè Administratif ak Tèm epi Kondisyon pou Izaj ki Akseptab pou Itilizasyon Rezo Sistèm la.
2. Direktè yo oswa moun yo deziyen an ap responsab pou difize epi pou mete anplas politik ak pwosedè yo nan bilding (yo) ki anba r4esponsabilite yo.
3. Tout itilizatè yo pral siyen yon fòm Konvansyon Itilizatè.
4. Direktè yo oswa moun yo deziyen pral asire yo chak itilizatè ki nan bilding yo (pwofesè yo, anplwaye yo ak elèv yo) siyen yon konvansyon pou respekte politik, pwosedè, tèm ak kondisyon konsènan itilizasyon sistèm/rezo a. Tout konvansyon sa yo dwe disponib andedan chak bilding epi se pou yo mete yo ajou chak ane. Direktè a oswa moun li deziyen an responsab pou table pwosedè yo pou notifiye chak pwofesè si gen elèv (oswa paran elèv yo) ki pa t siyen konvansyon itilizatè a.
5. Administratè Sistèm la pral asire li tout lòt itilizatè yo siyen yon konvansyon pou respekte politik, pwosedè, tèm ak kondisyon yo ki gen pou wv ak itilizasyon sistèm/rezo a. Tout konvansyon sa yo dwe disponib nan biwo Administratè Sistèm la epi se pou yo mete yo ajou chak ane.
6. Pwofesè ki responsab yo pral li ak elèv la Konvansyon Itilizatè a ak Pwosedè Administratif ak Tèm epi Kondisyon pou Itilizasyon Akseptab Rezo Sistèm lan.
7. Administratè Sistèm Teknoloji Enfòmasyon ap responsab pou asire ke tout anplwaye yo te resevwa fòmasyon sou fason pou itilize kòrèkteman sistèm/rezo a.
8. Anplwaye ki deziyen yo ap responsab pou asire yo ke elèv k ap itilize sistèm/rezo a ki anba sipèvizyon yo te resevwa fòmasyon sou fason pou itilize sistèm/rezo a.
9. Direktè yo, Administratè Sistèm la oswa moun li deziyen an ap otorize pou siveye epi egzamine tout aktivite sou sistèm la, ikonpri men san limitasyon ak transmisyon imèl ak tout done ki estoke nan aparèy yo, pou yo ka asire tout itilizatè yo ap respekte règlemantasyon yo.

Remèsiman

Anpil nan kontni sa a soti nan dokiman ki te deja pare nou te pran sou Entènèt oswa otè a te pataje avèk nou.

- Politik sou Itilizasyon Akseptab pou Entènèt ak Sèvis Anliy, Lekòl Konte South Washington, MN
- Politik sou Itilizasyon Akseptab Teknoloji ak Pwosedè Administratif pou Mizanplas la, Asosyasyon Komisyon Lekòl Massachusetts
- Aplikasyon pou yon Kont ak Tèm ak Kondisyon pou Itilize Entènèt la, Greenfield-Central High School, Greenfield, IN
- Politik Itilizasyon Akseptab Entènèt Lekòl Piblik Lexington, Lexington, MA
- Politik Itilizasyon Akseptab Entènèt Lekòl Piblik Norwell, Norwell, MA
- Tèm ak Kondisyon pou Itilizasyon Entènèt K-12 Sharon, Lekòl Piblik Sharon, Sharon, MA

KONPITÈ LEKÒL-ENFÒMASYON ADISYONÈL

1. Gen sal enfòmasyon nan bibliyotèk la, Sal 159, Sal 231, Sal 335, ak Sal 117 (Music Midi Lab). Sepandan, poutèt pwoblèm sipèvizyon, sèl sal ki disponib pou elèv ki pa sipèvize nan yon salklas se bibliyotèk la. Okenn elèv pa ta dwe nan yon sal konpitè san pèmisyon ni sipèvizyon apwopriye.

2. Pa gen okenn elèv ki ta dwe nan sal konpitè bibliyotèk la, eksepte si elèv la gen devwadmezon ak konpitè pou li fè. Yon elèv ki ki gen yon etid dirije gendwa jwenn yon pass pou bibliyotèk la nenpòt kilè anvan etid dirije a kòmanse. Elèv yo ranpli liy ki koresponn nan pass ki gen 2 pati a epi yo dwe kite kopi jòn lan opre sekretè bibliyotèk la. Yon elèv dwe gen kopi blan pwofesè etid dirije a siyen apre yo fè apèl la epi se pou li ale dirèkteman nan sal konpitè a. Yo pral refere elèv yo al jwenn prezidan depatman an si anplwaye a pa kapab matche kopi blan ak jòn pass lan pou elèv la pandan kèlkeswa peryòd la.

Pwofesè matyè a ki gen pwojè konpitè ki pwograme gendwa bay yon tigwoup elèv yo pass pouyo ka travay sou pwojè sa a pandan klas yo (avèk preyavi y ap bay asistan sal konpitè a, si posib). Sal konpitè bibliyotèk la louvre toulejou ant 7:00 a.m. ak 3:00 p.m.
3. Se pou yon sèvi ak sal konpitè yo pou travay ki gen pou wè ak lekòl la sèlman. Elèv yo pa dwe itilize okenn sal konpitè antanke yon kote pou "hangout." Elèv yo pa dwe rasanble nan sal konpitè a anvan ak apre lekòl la, pandan lench la oswa nenpòt ki lòt lè pandan lajounen.
4. Tankou nan tout lòt salklas yo, se pou elèv yo rete chita jiskaske soneri an sonnen. Se pou elèv yo gen menm koutwai epi pou yo okipe salklas la menmjan. Se pou elèv yo netwaye tab yo epi pou yo kite tout konpitè yo ak tout fenèt yo etenn. Se pou yo ranje chèz yo anba tab yo, mete aparèy yo nan plas yo, jete papyè nan poubèl epi tcheke toutotou yo pou wè si pa gen liv, kaye, elatriye.
5. Elèv yo ta dwe gen pwòp sipò pou estokaj yo, ikonpri anyè rezo yo te asiye yo. Echanj medya (media swapping) yo pwomouvwa miltipliye pwoblèm yo pou anrejistre fichye yo. Se pou pwofesè yo asire elèv yo gen medya ak yon kont rezo kioperasyonèl anvan yo ale nan sal konpitè a pou premye fwa. Elèv yo gendwa itilize yon lektè disk di pataje sou sèvè a pou estoke enfòmasyon yo. Pral gen yon limit estrik nan dimansyon estokaj endivid limit estrik nan volim estokaj endividyèl chak elèv genyen.
6. Elèv yo ta dwe make yon fraz oswa de (2), epi SAVE (ANREJISTRE). SAVE detanzantan epi kite ase tan pou emprime. Asire w pou w enprime apatide enprimant kòrèk la.
7. Li entèdi pou elèv yo itilize kèlkeswa kalite imèl lekòl la pa esponsòrize. Imèl lekòl la apesponsòrize, si yo disponib, dwe sèvi pou aktivite lekòl sèlman. Elèv ki ta renmen transpòte dokiman elektwonik ki gen pou wè ak lekòl la gendwa fè l grasa yon kalite medya ki akseptab, tankou yon CD Rom oswa yon kle USB.
8. Atik annapre yo entèdi, eksepte anba sipèvizyon yon pwofesè:
 - jwe mizik, ikonpri CD ak wèbsayt, sal kalvardaj (chat rooms)
 - sit rezo sosyo tankou My Space ak Facebook
 - telechaje nenpòt ki fichye egzekitab, tankou jwn, son, elatriye.
 - manje epi/oswa bweson
9. Kèlkeswa pwofesè a gendwa tcheke kontni anyè elèv yo, elatriye nenpòt kilè. Siveyans elektwonik tout aktivite enfòmatak posib tou.
10. Yo konsidere vyolasyon Politik Itilizasyon Akseptab (AUP) ak direktiv pou itilizasyon konpitè yon bagay ki grav. Yo gendwa aplike sanksyonè disiplinè apwopriye, ikonpri sispanyon kont itilizatè konpitè yo ak randevou ak yon prezidan depatman (dean).

ITILIZAYSON MUSIC MIDI LAB LAN

1. Chak fwa sa aplikab, tout règ yo pou Itilizasyon Sal Konpitè yo jan yo make anlè a ap kontinye aplike lè elèv yo sèvi ak Music Midi Lab lan.
2. Elèv k ap itilize Music Midi Lab dwe anrejistre, enskri epi yo dwe patisipe nan klas Espesyalizasyon nan Mizik, Madrigals, oswa klas Òkès Enstriman ak Kòd yo.
3. Objektif prensipal tout travo elèv nan Music Midi Lab dwe an rapò dirèk ak klas sa yo.
4. Elèv yo dwe enskri pou jwenn aksè nan sal konpitè a lematen oplita jou yo vle itilize konpitè yo. Elèv yo pa ta dwe atann yo pou yo kapab itilize sal konpitè a si yo pa enskri anvan.
5. Si yo pa respekte politik la, yogendwa entèdi yo antre nan sal konpitè a.
6. Music Midi Lab la prallouvri pandan jounen lekòl nòmal la ant 7:45 a.m. ak 2:30 p.m.

BIBLIYOTÈK

Bibliyotèk Norwood High School lan ofri yon bèl kote pou travay pou etidye nan lesilans, fè rechèch oswa li pou plezi. Konpòtman ak langaj ki montre respè epi ki apwopriye obligatwa tout tan, ikonpri anvan ak apre lekòl. Elèv yo gendwa jwenn pass nan Bibliyotèk NHS lan anvan lekòl la ak ant klas yo. Yo p ap distribye okenn pass apre sonri klòch la. Elèv yo dwe rete nan bibliyotèk la pandan tout tan an epi se pou yo pwograme travay yo pou sa. Elèv yo responsab pou netwaye tab yo ikonpri remèt liv nan charyo yo, ranmase papyè ki tonbe atè epi replase chèz yo nan plas yo. Kèlkeswa elèv la ki resevwa yon nòt ki pa kite l pase nan de (2) oswa plis matyè pandan trimès ki sot pase an dwe rete nan etid dirije oswa patisipe nan yon sesyon titora nan matyè li pa reyisi a.

PWOSEDI SIMILASYON POU DIFE

Elèv yo pa dwe kouri, men mache rapid sèlman, epi yo pa dwe vire tounen ni konvèsè. Premye elèv ki rive nan yon pòt koulwa ki fèmen dwe kenbe pòt lalouvri panda lòt yo ap soti.

Se pou yo evakye bilding lan rapidman epi nan lòd. Tout mound we kite bilding lan jiskaske yo tande yon sonri long ki endike li lè pou tounen. Pafwa sèten seksyon nan bilding lan gendwa bouche eksprè pou fè tankou si ta gen dife nan zòn sa a. Se pou elèv yo aprann konnen wout altènativ yo pou soti de bilding lan. Si yo jwenn sòti nòmal yo ki fèmen, se pou yo ale nan wout altènativ pou soti deyò bilding lan. Depi yo deyò bilding lan, se pou yo ale nan pwen konte yo dwe kontre an ki nan Nichols Street. Se pou elèv yo rete avèk klas yo pandan pwofesè yo ap fè lapèl. Se pou tout elèv yo prezan.

VEROUYAJ LEKÒL LA

Yo òganize omwens yon egzèsis similasyon vewouyaj chak ane ak anlwaye Depatman Polis Norwood ki prezan souplas. Egzèsis similasyon yomande pou tout moun swiv pwosedi vewouyaj bilding lan sizoka yon moun ta antre san otorizasyon oswa lòt sityasyon ki menase sekirite anlwaye ak elèv yo. Tout moun ta dwe pran egzèsis similasyon yo seryèzman epi respekte règ ki etabli pou vewouyaj la.

PWOSEDI EVAKYASYON YO

1. Sonri an ap aksyone. **ELÈV YO DWE EVAKYE BILDING LAN TOUSWIT EPI ALE NAN PÒT SOTI YO TE DI YO ANSANM AK TOUT KLAS YO. ELÈV YO PA DWE ITILIZE ASANSÈ A EP SE POU YO ELWAYE YO DE BILDING LAN.**
2. Elèv yo ta dwe pran tout zafè yo ki ANDEDAN SALKLAS LA.
3. Tout elèv yo dwe soti deyò bilding yo epi dirije vè devan bilding lan. Depi yo fin soti nan bilding lan, se pou elèv yo rete sou twotwa ki sou bò lekòl la nan Nichols Street.

NÒT: TOUT ANPLWAYE AK ELÈV YO PRAL MONTE YON OTOBIS POU ALE NAN SAVAGE EDUCATION CENTER. DEPATMAN LAPOLIS NOUYÒK PRAL EDE ÒGANIZE SIKILASYON AN NAN NICHOLS STREET.

4. Lè elèv yo rive nan Savage Education Center, yo pral resevwa plis enstriksyon.
5. Pwofesè yo pral fè lapèl.
6. Lè siyal pou endike "TOUT BAGAY OK" kominike, otobis yo pral Mennen elèv yo nan lise a.
7. Elèv yo pral tounen nan otobis nan sal jimnastik la epi se la yo pral rete pou tann entriksyon.
8. Yo pral anonse yon plan egzeyat ki apwopriye si gen danje pou tounen nan lise a.

KÒD VESTIMANTÈ

Komisyon Lekòl Norwood la panse yon kòd vestimantè nesèsè pou asire sekirite a, anpeche twoub ak dezòd epi pou fasilite pwosesis edikasyon an. Kidonk, pou kapan kenbe estanda sante, sekirite ak pwòpte ki rezonab epi avèk konsèy ak opinyon Komisyon Kòd Vestimantè an ansanm ak Konsèy Lise a (ki gen ladann elèv, pwofesè, paran, manm kominote ak administrasyon an), yo te adopte kòd vestimantè a ki annapre a:

Rad elèv yo ta dwe pwòp epi pou elèv la mete li jan li sipoze metel lan. Rad elèv la ta dwe montre respè nou ankouraje pou moun genyen pou tèt pa yo ak pou lòt moun. Poutèt fonksyon prensipal lekòl la se edikasyon, pa divètisman oswa sosyal, se pourad elèv yo apwopriye pou anvwonman lekòl la epi pou li pa kreye okenn distraksyon andedan kad sa a. Si sante ak sekirite elèv la an dajè oswa lòd nan lekòl la sibi pèrtirbasyon poutèt akoutreman oswa aprans yon elèv, yo pral voye l al wè prezidan depatman an oswa yo gendwa voye li lakay li.

Si elèv yo kontinye pa respekte Kòd Vestimantè Norwood High School lan, yo pral bay yo sispansyon de lekòl laann atandan yo convoke yo pou yon diskisyon ak Direktè lekòl la oswa moun li te nonmen an.

Administrasyon/prezidan depatman yo gen dwa deside, si sèten akoutreman pa apwopriye andedan bilding lekòl la. Rad ki pa konvab define, men pa limite ak rad ki afiche owa pwomouvwa, ak foto oubyen pawòl, kèlkeswa mo ki vilgè, obsèn oswa ofansan; kèlkeswa prodwi taba oswa konsomasyon prodwi taba;

Kèlkeswa prodwi ki gen alkòl ladann oswa konsomasyon prodwi ki gen alkòl ladann; atik ki gen yon nati seksyèl eksplisit oswa enplisit; kèlkeswa sibstans ilegal oswa konsomasyon sibstans ilegal; zak vyolans eksplisit oswa enplisit; bagay ki ta gendwa ensite oubyen pwovoke dezòd nan yon kontèks rasyal, relijye, etnik oswa lòt.

Men lis rad ki **pa otorize**:

- Chemizèt (Tank Tops)
- Mayo kote tout do a deyò (Halter Tops)
- Ti bretèl mayo ki fen-fen (Spaghetti Straps)
- Tòp ki pi ba pase zepòl yo
- Mayo pou miskilasyon (Muscle Shirts)
- Vant deyò (Se pou pati anlè chòt, pantalon oswa jip yo dwe kontre avèk patianba mayo/blouz oswa chemiz oswa swètè a)
- Linèt solèy
- Chapo – fèt pou rete nan kazye yo

- Bagay ki kouvri tèt la
- Bando
- Vizè
- Braslè kloute
- Gwo chenn epè
- Chemiz transparan lè yo kapab wè soutyen an
- Sou-vètman ki vizib (boxers, chòt, kilòt thongs, soutyen)

Yo mande pou elèv yo pa mete okenn rad ki twò kout, ki twò dekòlte, ki twò sere oswa rad ki monte twòp kwis, pwatrin oswa lestomak yon moun. Yo gendwa mete rad pou ekip ak pou klèb lekòl la esponsorize pou okasyon espesyal pandan jounen lekòl la a kondisyon rad la respekte Kòd Vestimantè Norwood High School lan.

AKSYON DISIPLINÈ SIZOKA ELÈV LA PA RESPEKTE KÒD VESTIMANTÈ A

Si yon elèv fè yon vyolasyon ekstrèm kont kòd vetimantè a, yo pral ande li pou li chanje rad li oswa yo pral voye li lakay li pou li kapab chanje rad li gen sou li an.

Konsènan enfraksyon ki pa ekstrèm yo:

- | | |
|------------------------------|--|
| 1 ^{ye} enfraksyon: | Avètisman – yo mande elèv la pa mete rad sa a ankò |
| 2 ^{yèm} enfraksyon: | Yon (1) detansyon nan biwo epi yo pral mande elèv la pou li chanje rad |
| 3 ^{yèm} enfraksyon: | ak lòt enfraksyon toujou: Sispansyon pandan 1 jou poutèt li refize tande |

Tout rad pou deyò tankou manto, jakèt, parka ski oswa lòt toujou dwe rete nan kazye elèv la ki take. Si yon pwofesè panse li fè fwa nan yon salklas, yo gendwa aksepte ekspesyon nan règ a a. Kòd Vestimantè sa a p ap aplike ki li antre an konfli ak koutim relijyèz oswa yon eta sante ki anrejistre.

DETANSYON: PWOFESE/BIWO

Yo gendwa mande tout elèv ki gen move pèfòmans oswa konpòtman lekòl la pou yo rete apre lekòl la fini pou yon detansyon ak pwofesè a.

Detansyon disiplinè an gen priyorite sou tout angajman andedan ak andeyò lekòl la.

Si elèv la gen move konpòtman pandan detansyon an oswa si li pa ale nan detansyon an gendwa resevwa detansyon anplis. Si elèv la konn pa ale detanzantan nan detansyon, yo gen dwa bay li sispansyon de lekòl la epi yopral voye l al nan administasyon an.

DIREKTIV POU DETANSYON

Yo òganize detansyon an depi lendi jiska vandredi. Elèv yo dwe ale dirèkteman nan sal detansyon an ak tout atik etid yo; yo p ap kapab antre san bagay ki nesèsè pou etidye/li. Administrasyon an p ap otorize reta oswa egzemat bonè eksepte si prezidan departman oswa administratè a pa bay otorizasyon. Si gen pwoblèm konsènan konpòtman li, yo pral voye elèv la nan biwo prezidan departman an (dean), li p ap resevwa okenn krei pou detansyon, epi l ap sibi plis sanksyon disiplinè toujou.

Privilèj pou pale, aparèy elektwonik, manje, chapo, chiklèt, mete pye sou mèb yo epi tèt ki nan pozisyon pou dòmi pap tolere pandan detansyon an. Yo p ap fè elèv yo fè tès ratrapaj.

SISPANSYON

Elèv yo ki pran sispansyon nan lekòl la pa gen dwa ale nan klas nòmral yo, yo pa gen dwa ale nan okenn evènman lekòl la esponsorize epi yo pa gen dwa patisipe nan okenn espò/jwèt ni aktivite ekstra-kirikilè pandan peryòd sispansyon an.

Epitou, elèv yo ki nan pinisyon pou yo pa ale lekòl la dwe rete andeyò de lekòl la pandan peryòd sa a epi pou li rete lakay li pandan orè lekòl nòmral la.

PWOSESIS EKITAB

Tout elèv yo dwe benefisye yon aplikasyon ekkitab de lalwa chak fwa yo retire yo dwe pou edikasyon poutèt eksklizyon de enstriksyon nan salklas nòmral oswa aktivite lekòl la, ikonpri sispansyon, ekspilsyon ak retrè de privilèj li yo. Dwa pou pwosesis ekkitab gen ladann dwa pou jwenn yon dosyans ki ekkitab anvan kèlkeswa eksklizyon ki endike anlè yo, eksepte pou yon retrè ann ijan pou jiska 2 jou jan sa dekri nan M.G.L. Chapit 71, §37H ¾ kote yo pral òganize yon odyans 2 jou oplita de peryòd tan an.

Kòd Konpòtman Lekòl Piblik Norwood sipoze enstriktif, pa pinitif, epi li baze sou prensip disiplin ki prevantif ak pozitif. Li konsantre sou fason pou abòde move konpòtman, rezoud konfli, satisfè bezwen elèv yo epi kenbe elèv yo lekòl la pou yo parann. Zak disiplinè gendwa varye depi yon ti zak jiska ensidan ki derespekte lejislasyon an epi ki gendwa gen yon efè negative sou anviwònman jeneral lekòl la. Epitou, direktè lekòl lagendwa aplike estrateji disiplinè ki ale depi aktivite entèvansyon tankou chanje plas kote elèv yo chita oswa voye li nan yon lòt klas oubyen ekspilsyon de lekòl la selon gravite enfraksyon an.

Men kategori sispansyon yo anba la a:

Sispansyon andedan lekòl la vle di yo retire yon elèv nan aktivite salklas nòmral li yo, men yo kite li rete lekòl la, pandan dis (10) jou konsekitif oplis oswa pa plis pase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt pou divès enfraksyon pandan lane lekòl la. Si yo retire elèv la sèlman pou li pa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè oswa evènman lekòl la esponsorize, oubyen toulede, sa p ap konte kòm sispansyon pou kalkile jou lekòl yo.

Sispansyon akoutèm vle di retire yon elèv de lekòl la ak de aktivite salklas nòmral yo pandan dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt oswa mwens. Yon direktè gendwa deside pou li otorize yon elèv pou li rete lekòl la pandan sispansyon akoutèm li. Si yo retire elèv la sèlman pou li pa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè oswa evènman lekòl la esponsorize, oubyen toulede, sa p ap konte kòm sispansyon pou kalkile jou lekòl yo.

Sispansyon alontèm vle di yo retire elèv la sou pwopriyete lekòl la ak aktivite salklas nòmral pou plis pase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt pou divès zak disiplinè nan yon lane akademik. Si yo retire elèv la sèlman pou li pa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè oswa evènman lekòl la esponsorize, oubyen toulede, sa p ap konte kòm sispansyon pou kalkile jou lekòl yo. Eksepte pou elèv ki kondane poutèt yon zak disiplinè ki endike nan sou-seksyon (a) oswa (b) nan M.G.L. Chapit 71, §37H, oswa nan §37H ½ nan M.G.L., Chapit 71, pa gen okenn elèv yo gen dwa plase nan sispansyon alontèm pandan plis pase katreven-dis (90) jou lekòl nan yon ane akademik ki kòmanse konte depi nan premye jou yo retire elèv la nan lekòl la. Li pa posib pou yon sispansyon alontèm depase apre ane lekòl la kote yo te pwononse sispansyon an fini.

Retrè Ann Ijans vle di retire tanporèman yon elèv ki kondane pou yon zak disiplinè ak prezans kontini elèv la poze yon danje pou moun oswa pwopriyete a, oubyen ki twouble an gran apti epi anpil lòd nan lekòl la, epi selon jijman direktè yo, pa gen okenn altènativ ki disponib pou redwi danje an oswa dezòd la.

Ekspilsyon vle di yo retire elèv la nan lekòl la, nan aktivite salklas ak nan aktivite lekòl la pandan plis pase katreven-dis (90) jou lekòl, pa yon dire ilimite oswa pou toujou, jan sa otorize anba M.G.L. Chapit 71, §§37H oswa 37H ½ pou: (a) posesyon yon zam danjre; (b) posesyon yon sibstans ki kontwole; (c) atak sou yon pwofesè; oubyen (d) akizasyon pou yon zak oswa yon plent oswa yon konviksyon pou delenkans ki konstitye yon zak deva lajistis, oubyen adjidikasyon oswa admisyon kilpabilite ki gen pou wè ak zak sa a, si yon direktè detèmine prezans kontini yon elèv ta gen yon efè negatif sou byennèt jeneral lekòl la, jan sa endike nan M.G.L. Chapit 71, §§37H oswa 37H ½.

Règlemantasyon Eta a (603 CMR 53.04) pa anpeche yon administrate lekòl la pou li mennen yon ankèt, ikonpri entèvyouve elèv yo, pou envestige yon ensidan disiplinè ki gen pou wè ak lekòl la.

Anvan pou yon direktè enpoze yon **sispansyon andeyò lekòl la** antanke yon konsekans pou yon zak disiplinè, l ap:

- bay elèv la ak paran an yon avi aloral ak alekri,
- bay elèv la yon opòtinite pou yon odyans konsènan akizasyon an ak paran an opòtinite pou patisipe nan odyans sa a, epi
- avi alekri a pral gen ladann:
 - a) zak disiplinè an;
 - b) jistifikasyon akizasyon an;
 - c) konsekans potansyèl, ikonpri dire posib sispansyon elèv la;
 - d) opòtinite pou elèv la gen yon odyans ak direktè a osijè sispansyon ki pwopoze a, ikonpri opòtinite pou konteste akizasyon yo epi pou prezante espplikasyon elèv la konsènan prezime ensidan an, epi pou paran an ale nan odyans lan;
 - e) dat, lè ak adrès odyans lan;
 - f) dwa elèv la ak paran elèv la pou jwenn sèvis yon tradiktè nan odyans lan, si li bezwen youn pou li patisipe;
 - g) si elèv la gendwa plase an **sispansyon alontèm** apre odyans ak direktè a:
 1. Dwa ki endike nan 603 CMR 53.08 (3)(b).
 2. Anvan odyans lan, elèv/paran an jwenn opòtinite pou gade dosye ak dokiman elèv la ki sèvi de baz pou direktè a.
 3. Elèv la gen dwa pou yon avoka oswa yon moun ki pa ekspè reprezante li epi se li ki pou peye li.
 4. Elèv la gen dwa prezante temwen epi prezante espplikasyon elèv la osijè ensidan an. Temwen/viktim elèv la pa bezwen resevwa okenn lòd tribinal la pou fè yo vini si direktè a deside, aloral oubyen alekri nan odyans lan ke idantifikasyon temwen elèv la oubyen prezans yon temwen/viktim ki rekonesab nan odyans lan ta mete andanje sekirite li oswa koze yon entimidasyon. Tout temwne yo dwe benevòl epi se pou yon gadyen akonpaye yo si yo gen mwens pase 18tan.
 5. Elèv la gen dwa kont-entewoje temwen distri lekòl la prezante. Tout temwne yo dwe benevòl epi se pou yon gadyen akonpaye yo si yo gen mwens pase 18tan.

6. Elèv la gen dwa mande pou yo anrjiste odyans lane pi pou resevwa yon kopi odyo, si direktè a mande yon dosye odyo.
 7. Sispanyon alontèm pou piplis pase dis (10) jou youn dèyè lòt gendwa konteste pa apèl opre sipèrentandan an twa (3) jou olpita apre desizyon direktè a epi li gendwa pwolonje jiska sèt jou sivil sou demann.
- Direktè a pral fè jefò rezonab pou notifiye paran an aloral osijè opòtinite pou patisipe nan odyans lan. Pou òganize yon odyans san paran an prezan, se pou direktè a kapab dokimante li fè jefò rezonab pou enkli paran an. Direktè a prezime li te fè jefò rezonab si direktè a te voye yon avi alekri epi li te dokimante omwens de (2) tantativ pou kontaakte paran an nan fason paran an te endike pou notifikasyon ijan yo.
 - Avi alekri paran an gendwa livre an pèsòn, nan sèvis lapòs premyè klas, kourye rekòmande, imèl nan yon adrès paran an bay pou kominikasyon ak lekòl la oubyen nenpòt ki lòt metòd livrezon direktè ak paran an apwouve.

Anvan pou yon direktè enpoze yon **sispanyon andedan lekòl la** antanke konsekans pou yon zak disiplinè, l ap fè sa ki annapre a:

- Direktè a pral enfòme elèv la konsènan zak disiplinè nan akizasyon an ak baz pou akizasyon an, epi l ap bay elèv la opòtinite pou konteste akizasyon an epi esplike sikonstans konsènan ensidan an. Si direktè an decide elèv la te fè zak disiplinè a, direktè pran enfòme elèv la konsènan osijè dire sispanyon elèv la andedan lekòl, ki pa kapab depase 10 jou, kimilativman oswa youn apre lòt, pandan yon ane lekòl.
- Menm jou desizyon sispanyon andedan lekòl la, direktè a pral fè jefò rezonab pou notifiye paran an aloral konsènan zak disiplinè a, rezon pou rive nan konklizyon ke elèv la te komèt yon enfraksyon ak dire sispanyon andedan lekòl la. Direktè a pral envite paran nan yon reyinyon pou diskite pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou angajman elèv la ak repons ki posibl pou chanje konpòtman an. Reyinyon sa a pral pwograme nan jou sispanyon an si sa posib, sinon touswit apre, si posib. Si direktè a pa kapab kontakte paran an apre li te fè epi li dokimante omwens de (2) tantativ kontak, esè sa yo ap konstitye efò rezonab pou enfòme aloral paran an konsènan sispanyon andedan lekòl la.
- Direktè a pral voye elèv ak paran an yon avi alekri osijè sispanyon nan lekòl la, ikonpri rezon ak dire sispanyon nan lekòl la, epi l ap envite paran an vin nan yon reyinyon ak direktè a. Avi alekri paran an gendwa livre an pèsòn, nan sèvis lapòs premyè klas, kourye rekòmande, imèl nan yon adrès paran an bay pou kominikasyon ak lekòl la oubyen nenpòt ki lòt metòd livrezon direktè ak paran an apwouve.

Kèlkeswa moun lan ki gen sispanyon nan lekòl la, sistansyon akoutèm, sispanyon alontèm oswa ekspilsyon ap gen opòtinite pou pran kredi, jan sa aplikab, fè ratrapaj, tès, disètasyon ansanm ak lòt travay lekòl bay jan sa nesèsè pou fè pwogrè akademik pandan peryòd li p ap ale nan salklas oswa lekòl la. Direktè a pral enfòme elèv ak paran an konsènan opòtinite sa a alekri lè sispanyon oswa ekspilsyon an aplike. Nan tout sityasyon kote gen sispanyon andeyò lekòl pou elèv Jadendanfan-3yèm Klas, direktè a dwe voye yon kopi desizyon alekri an bay Sipèrentandan an epi esplike pouki rezon li enpoze sispanyon an, anvan pou sispanyon akoutèm la kòmanse aplike.

Yo retire elèv la ann ijans – Yo gendwa retire yon elèv pou de (2) jou lekòl omaksimòm apre dat sispanyon ann ijans lan si yo akize elèv la de yon enfraksyon disiplinè epi prezans kontini elèv la poze yon danje pou moun oswa pou pwopriyete oswa poutèt li twouble anpil ak yon fasyon siyifikatif lòd nan lekòl la, epi, selon jijman direktè a, pa gen okenn altènativ pou redwi danje oswa dezòd la. Direktè a pral notifiye sipèrentandan an touswit alekri konsènan ranvwa tanporè elèv la ak pou ki rezon li, epi l ap dekri danje elèv la prezante. Epitou, direktè a:

- Li pral fè jefò imedyà ak rezonab pou notifiye aloral elèv la ak paran elèv la konsènan ranvwa tanporè ann ijans lan, rezon pou yo ranvwaye li tanporèman ak pwosedi swivi ki etabli pou yon sispanyon andeyò lekòl, jan sa esplike anlè a.

- Bay paran yo opòtinite pou patisipe nan odyans lan anvan de (2) jou lekòl fin pase, eksepte si direktè, elèv ak paran an dakò pou pwolonje peryòd tan an pou yo òganize yon odyans.
- Direktè a pral pran yon desizyon aloral nan menm jou an ak odyans lan, epi alekri pwochen jou lekòl la oplita ki konsistan ak desizyon li te pran pou yon sispansyon akoutèm/lontèm.

Tèks konplè Règlemantasyon Disiplinè pou Elèv la disponib sou wèbsayt Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts nan:

<http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr53.html>

FIMEN

Li entèdi pou **posede**, epi/oswa konsome kèlkeswa prodwi taba andedan bilding lekòl la, etablisman lekòl yo, sou teren lekòl la, oswa nan otobis lekòl la. Prezidan departman an (dean) pral kontakte paran/gadyen kèlkeswa elèv la yo jwenn ki an **posesyon** prodwi taba, jan sa make anlè a.

Pwopriyete lekòl la gen ladann pakin yo, teren espò, lòt etablisman lekòl ak wout adjasan/twotwa ki toutotou pwopriyete lekòl la.

Si yo bare elèv la lòt fwa ki posede bagay sa yo, yo pral bay li sispansyon de lekòl la.

Kèlkeswa elèv la k ap pran prodwi tabay an, jan sa make anlè a, elèv sa a ap resevwa yon sispansyon pou 1 jiska 3 jou.

SANTE CHIMIK AK ELIBILITE ATLETIK

Pandan sezon pou pratike oswa match yo, yon elèv pa gen dwa itilize oswa pran, posede, achte/vann oswa bay gratis nenpòt ki bweson ki gen alkòl ladann, taba san fimèn, mariwana oswa kèlkeswa lòt sibstans ki anba kontwòl, kèlkeswa kantite an. Se pa yon vyolasyon sa ye pou yon elèv an posesyon yon medikaman ki define legalman doktè elèv la te preskri li pou li kapab itilize li limenm.

1. Premye Vyolasyon: Lè direktè lekòl la konfime li, apre elèv la te gen opòtinite pou yo tandesa li te genyen pou di, ke elèv la te komèt yon enfraksyon, elèv la pral pèdi elibilite pou 25% nan sezon an.
2. Dezyèm Vyolasyon ak Vyolasyon apre yo: Lè direktè lekòl la konfime li, apre elèv la te gen opòtinite pou yo tandesa li te genyen pou di, ke elèv la te komèt yon enfraksyon, elèv la pral pèdi elibilite pou 60% nan sezon an.

Gen anpil lòt règ, règlemantasyon ak direktiv ki nan Tiliv Atletik la. A a ki male anlè a se sa ki pi enpòtan yo epi se pou ou konprann yo byen. Al pale ak direktè lekòl la oswa direktè atletik la si w gen kesyon ou ta renmen poze.

BIZOUTAJ Chapit 536 Nan Lwa Jeneral Massachusetts yo

“Bizoutaj” vle di kèlkeswa kondwi oswa metòd inisyasyon nan kèlkeswa òganizasyon etidyan, kèlkeswa si aktivite sa a sou pwopriyete piblik oswa prive, ki entansyonèlman oswa pa neglijan mete an danje sante fizik oswa mantal yon elèv oswa nenpòt ki lòt moun. Konpòtman sa a gen ladann fwete, bat, estigmatize, jimnastik swedwaz fòse, ekspozisyon nan fredri oswa lapli oswa chalè, konsomasyon fòse de kèlkeswa manje, like, bweson, dwòg oswa lòt sibstans, oubyen nenpòt ki lòt tretman brital oswa aktivite fizik fòse ki gendwa afekte negativman sante fizik oswa sekirite kèlkeswa elèv la owa lòt moun lan, oswa ki ekspoze elèv la oswa yon lòt moun ak estrès mantal ekstrèm, ikonpri anpeche li dòmi, repoze oubyen mete li nan izolasyon pandan lontan.

Kèlkeswa moun ki òganizatè prensipal oswa patisipan nan zak bizoutaj, yo pral pini li epi bay li yon amann ki pa ka depase mil dola oswa prizon nan yon san detansyon pou 100 jou maksimòm oubyen ni amann lan ak ni prizon ansanm.

Si yon moun konnen yon vktim bizoutaj epi li prezan kote zak sa a ap dewoule, se pou li rapòte zak sa a bay lapolis depi sa posib, si moun sa a kapab enfòmè lapolis san li pa mete tèt li oswa lòt moun an danje. Kèlkeswa moun ki pa rapòte zak sa a ap sanksyone epi l ap dwe peye yon amann ki pa ka depase senk san dola.

ZAM

Lwa Jeneral Massachusetts C 269 seksyon 10 (j) deklare: "Tout moun ki pa ofisye polis epi kèlkeswa lisans li te jwenn anba pwovizyon chapit san karant lan, ki pote sou li yon zam ki define annapre a, chaje oswa ki pa chaje oubyen lòt zam danjre nan nenpòt ki bilding oubyen souteren kèlkeswa lekòl primè oswa segondè, kolèj oubyen inivèsite san otorizasyon alekri konsèy oswa ofisye ki an chaj de lekòl primè oswa segondè, kolèj oswa inivèsite sa a ap resevwa yon pinisyon ki pa kapab plis pase mil dola oswa prizon pandan 1 lane omaksimòm, oswa toulede ansanm. Nan kad paragraph sa a, "zam" se kèlkeswa pistolè, revolve, fizi oswa zam li ski gendwa tire yon kout fe, yon bal oswa yon tiboul kèlkeswa jan li fè l la.

Kèlkeswa ofisye an ki responsab yon lekòl primè oswa segondè, yon kolèj oubyen yon inivèsite oubyen nenpòt manm pèsònèl anseyan an oubyen ofisye administratif yon lekòl primè oswa segondè, yon kolèj oubyen yon inivèsite ki pa rapòte vyolasyon paragraph sa a ap koupab yon tizak epi y ap dwe peye yon amann ki pa ka depase senk san dola."

POLITIK KONSÈNAN FOUY

Kazyè, tab elèv yo ansanm ak lòt pwopriyete lekòl la prete pou estoke founiti lekòl se bagay ki pwopriyete Lekòl Piblik Norwood. Elèv yo pa gen dwa itilize bagay sa yo pou ranje atik tankou, men ki pa limite ak sibstans ki anba kontwol, bweson ki gen alkòl ladann, zam, bagay yo vòlè oswa prodwi chimik. Lekòl Piblik Norwood yo gen dwa enspekte regilyèman kazyè, tab ansanm ak lòt bagay ki pou lekòl la, san konsantman elèv la, epi san elèv la pa bezwen przan pou respekte règ ak règlemantasyon lekòl la. An kowoperasyon ak Depatman Polis Norwood la, yo pral òganize fouy detanzantan pandan ane an avèk asistans Inite Chen Depatman Cherif Konte Norfolk lan.

Yo gendwa fè fouy epi/oswa konfikasyon ki enplike elèv la oswa bagay ki pou li konfòmman ak prensip jiridik ki rekonèt legalman ki aplike nan anviwònman lekòl.

SELILÈ, IPOD ANSANM AK Lòt APARÈY ELEKTWONIK

Yo gen dwa pote aparèy elektwonik lekòl la men se pou yo rete anba chal epi nan pozisyon "off" ant 7:40 a.m. ak 2:23 p.m. Kapab genyen kèk ekspesyon (bibliyotèk, klas boza oswa lè yon pwofesè salklas ba w lòd).

Elèv yo pa gen dwa mete ekoutè nan zòrèy yo epi yo pa kapab vizib si yo pa gen pèmision pandan jounen lekòl la.

Lektè videyo ak anrejistrè, bipè, pedjè ansanm ak pwentè laze entèdi. Kèlkeswa elèv yo jwenn ki gen yon foto ki pa otorize epi/oswa yon anrejistreman odyo oswa videyo gendwa resevwa yon sispansyon epi lapolis gendwa vin enplike l tou.

Konsekans disiplinè akòz vyolasyon politik konsènan aparèy elektwonik lan make annapre a:

1^{ye} vyolasyon – Yo pral remèt elèv aparèy la lè jounen an fini.

2^{yèm} vyolasyon – Yo pral remèt elèv aparèy la lè jounen an fini, epi elèv la pral resevwa yon (1) detansyon.

3^{yèm} vyolasyon – Se pou elèv la remèt prezidan departman (dean) li an aparèy la chak maten pandan senk (5) pwochen jou yo. Yo pral remèt elèv aparèy la lè jounen an fini.

4^{yèm} vyolasyon – Yon (1) detansyon nan biwo, epi yo pral remèt aparèy la sèlman bay yon paran/gadyen. Si paran/gadyen an chwazi pa vini lekòl la pou chèche aparèy la, elèv la pral resevwa yon sispansyon pou 1 jou.

5^{yèm} vyolasyon - Yo pral remèt elèv aparèy la lè jounen an fini, epi elèv la pral resevwa yon sispansyon pou 1 jou pou dezobeyisans. Si yon elèv refize bay yon anplwaye lekòl la aparèy la apre 4^{yèm} vyolasyon an, yo pral bay elèv la yon sispansyon pou **de (2)** jou.

Elèv yo bare ki gen yon aparèy elektwonik ki vizib pandan yon egzamen, yon tès oswa yon evalyasyon, eksepte si pwofesè matyè a de bay yo otorizasyon, ap resevwa yon zewo (0) pou egzamen, tès oswa evalyasyon sa a.

Si elèv la refize remèt yon aparèy lè yon anplwaye mande l, yo pral bay li yon sispansyon otomatikman. Si elèv la pa respekte règleman an yon lòt fwa, yo pral bayli sispansyon.

LIVREZON

Livrezon flè, balon, elatriye, yo fè nan lise a ap rete nan biwo prensipal la jiskaske jounen an fini. Yo pral notifiye elèv la lè livrezon an rive epi li gendwa vin chèche l nan biwo an lè jounen an fini pou vin pran livrezon an.

VIZITÈ YO

Li entèdi pou elèv ki pa nan Norwood Highschool ki vin vizite lekòl la pandan lajounen. Tout vizitè yo dwe rete nan biwo prensipal la pou resevwa pèmisyon pou antre nan bilding lan epi pou resevwa yon pass pou vizitè yo.

PAKING

Gen yon kantite limite plas paking ki disponib pou senyò yo. Yo pral emèt pèmi yo bay tout moun kip eye yon chaj \$100 paking epi ki prezante yon pèmi pou kondwi machin ansanm ak papyè machin lan ki valab nan Massachusetts.

DEPLASMAN ANDEYÒ LEKÒL

Elèv yo PA GEN DWA kite pwopriyete lekòl la pou ale okipe zafè prive, eksepte si yo te jwenn pèmisyon nan menyon prezidan departman (dean) oswa administratè lekòl la.

ENTIMIDASYON

Kèlkeswa entimidasyon elèv yo epi/oswa anplwaye yo sibi, adminitasyon an pral pran aksyon disiplinè kont sa. Konsekans disiplinè ki genyen pou asèlman, enkli men pa limite ak detansyon, sispansyon, ekspilsyon epi/oswa referans pou entèvansyon Depatman Polis Norwood lan.

POLITIK KONT DISKRIMINASYON

Lè l ap ofri menm opòtinite nan edikasyon bay tout elèv yo san diskriminasyon, se politik Lekòl Piblik Norwood yo pou respekte nèt Chapit 76, §5 nan M.G.L, Tit VI Lwa Dwa Sivil 1964, Tit IX Amanman Edikasyon yo nan lane 1972, §504 nan Lwa sou Reyabilitasyon nan lane 1973, Tit II Lwa

Ameriken ki gen Andikap nan lane 1990, epi Politik konsènan Pèsekisyon seksyèl Komisyon Lekòl Norwood la.

Politik Lekòl Piblik Norwood yo konsènan Chapit 76, §5, Tit VI, Tit IX, Seksyon 504, Tit II, ak pèsekisyon seksyèl anpeche diskriminasyon poutèt ras, koulè, sèks yo, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, relijyon oswa orijin nasyonal ak andikap yo, tankou difikilte pou tande oswa pou wè, nan domèn sila yo: admisyon nan sistèm lekòl la; admisyon nan klas etid yo; opòtinite oryantasyon; òf korikolòm, aktivite ekstra-kirikilè; bousdetid ak rekonpans finansye; anplwa; ak itilizasyon enstalasyon yo.

Epitou, yo etabli yon pwosedi doleyans pou elèv ak anplwaye yo. Pwosedi doleyans lan kòmanse ak direktè bilding la kote diskriminasyon oswa pèsekisyon an te rive. Si yo pa jwenn yon rezolisyon nan nivo bilding lan 20 jou lekòl oplita apre yo te resevwa plent la, yo pral voye zafè a bay Sipèrentandan-Adjwen an dirèkteman, jan sa posib, ikonpri kèlkeswa enfòmasyon ki sèvi kòm prèv. Sipèrentandan-Adjwen an ap mennen yon ankèt sou zafè a epi l ap reponn tout kesyon yo alekri 20 jou oplita apre li resevwa plent ki pa rezoud la. Si li apwopriye, plan yo pou korije kèlkeswa inegalite yo ap enkli nan repons la. Nan ka yon dwa-dizan pèsekisyon seksyèl, premye etap la pral gen ladann yon deskripsyon pèsekisyon moun ki deklare li viktim pèsekisyon an ap fè.

Si plent lan pa rezoud oswa pa rezoud selon satisfaksyon pleyan an, li gendwa plase yon petisyon devan Sipèrentandan Lekòl yo alekri. Sipèrentandan an sowa moun li deziyen an, pral mennen tou yon ankèt epi eseye rezoud pwoblèm la, 20 jou oplita apre li resevwa plent ki pa rezoud lan. Sipèrentandan an pral reponn demandè a alekri apre ankèt la. Se pou yo kenbe yon fichye apa su tout aksyon yo pran nan kad pwosedi doleyans lan.

Komisyon Lekòl la pral sèvi antanke konsèy apèl lokal an dènye resò pou kèlkeswa zafè Sipèrentandan an oswa moun li nonmen an pa kapab rezoud. Ou kapan jwenn aksè nan Komisyon Lekòl la ak yon notifikasyon alekri bay Prezidan an ki dekri pwoblèm la epi ki mande opòtinite pou revwa zafè a devan Komisyon Lekòl la. Se pou yo tache dokiman ak demann alekri pou revizyon an.

Y ap diskite kesyon pèsekisyon seksyèl ak tout elèv yo nan kòmansman ane akademik, epi yo pral prezante pwogram pandan ane a pou elèv ak anplwaye yo vin konnen lejislasyon an byen.

Pwosedi pou pote plent lan disponib nan biwo direktè lekòl la. Si w gen kesyon, al pale ak yon anplwaye lekòl la. Direktè a ansanm ak yon anplwaye lekòl la responsab pou resevwa tout plent pou pèsekisyon seksyèl.

ARANJMAN YO: SEKSYON 504

Aranjman Seksyon 504 yo disonni pou tout elèv yo konfime ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil youn oswa plizyè aktivite lavi toulejou ki enpòtan (ikonpri aprann). Lekòl la gen responsabilite pou idantifye, evalye, epi, si yo deside timoun lan elijib anba Seksyon 504 la, pou bay li aksè nan sèvis edikasyon ki apwopriye. Elèv yo deside ki andikape selon Seksyon 504 dwe resevwa yon repons nan men anplwaye edikasyon (jeneral) nòminal la nan kad korikolòm jeneral la. Yon ekip pwofesyonèl ki konnden elèv la byen (ikonpri paran/gadyen yo) pral analize kalite andikap elèv la genyen pou deside si andikap la afekte edikasyon elèv la ak kijan li afekte li epi pou deside ki aranjman epi/oswa sèvis ki nesèsè. Yo ofri divès kalite aranjman ak sèvis konfòmman ak Plan Aranjman 504 yo, ki dokimante epi revise detanzantan. Chèf Ofisye Konfòmman an se Kowòdonatè 504 pou distri a.

POLITIK ENTÈDIKSYON AK PREVANSYON PÈSEKISYON

Entimidasyon se yon fòm pèsekisyon. Lekòl Piblik Norwood yo rekonèt entimidasyon ak pèsekisyon gen yon efè negatif sou pwosesis edikasyon an.

Egzijans pou Fè Rapò 370(g)

Lalwa enpoze tout manm pèsonèl lekòl la, pa sèlman pèsonèl anseyan an, fè rapò obligatwaman tout sityasyon entimidasyon oswa reprezay anplwaye yo te temwen oswa vin konnen bay Direktè oswa moun lekòl la deziyen. Anplwaye yo pral rapòte imedyatman kèlkeswa sityasyon entimidasyon oswa vanjans anplwaye yo te temwen oswa vin konnen bay Direktè ofisyèl lekòl ki idantifye nan plan an antanke responsab pou resevwa rapò a oswa bay toulede moun sa yo.

1. Definisyon Pèsekisyon (apatide de “Chapit 92 Lwa 2010 – YON LWA OSIJÈ PÈSEKISYON NAN LEKÒL YO.”)
 - A. Pèsekisyon – Izaj repete pa youn oswa plizyè elèv de ekspresyon alekri, oral oswa elektwonik oubyen yon zak fizik oswa yon jès oubyen yon konbinezon de 2 bagay sa yo, kont yon viktim ki: (i) koze yon domaj fizik oswa emosyonèl pou viktim la oswa domaje pwopriyete viktim la; (ii) bay viktim la yon krent kote li panse rezonabman yo pral fè li ditò oswa pwopriyete li pral domaje; (iii) kreye yon anviwònman ostil nan lekòl pou viktim la; (iv) vyole dwa viktim la nan lekòl la; oswa (v) twouble materyèlman epi sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa operasyon lekòl la kòm sadwa. Pou objektif seksyon sa a, pèsekisyon gen ladann tou sibè-pèsekisyon ak reprezay.
 - B. Sibè-pèsekisyon – Entimidasyon grasa izaj teknoloji oswa nenpòt ki kominikasyon elektwonik, ki gen ladann men ki pa limite ak kèlkeswa transfè siy, siyal, dokiman ekri, imaj, son, done oswa nenpòt kalite enfòmasyon ann antye oswa an pati pa kab, radyo, elektwomayetik, sistèm foto elektwonik oswa foto optik, ikonpri men ki pa limite ak korespondans elektwonik, kominikasyon Entènèt, mesaj enstantane oswa faks. Sibè-entimidasyon gen ladann tou (i) kreyasyon yon paj wèb oswa yon blòg kote kreyatè a asime idantite yon lòt moun oswa (ii) izipasyon idantite koni yon lòt moun antanke otè kontni ki afiche oswa mesaj, si kreyasyon oswa izipasyon idantite sa a kreye youn nan kondisyon ki enimerè nan klòz (i) a (v), inkli, nan definisyon entimidasyon an. Sibè-entimidasyon gen ladann tou distribisyon mwayen kominikasyon elektwonik bay plis pase yon moun oswa afichaj materyo sou yon sipò elektwonik youn oswa plizyè moun gendwa aksede, si distribisyon oswa afichaj la kreye kondisyon ki enimerè nan klòz (i) a (v), enkli, nan definisyon pèsekisyon an.
 - C. Reprezay – Kèlkeswa fòm entimidasyon, revanch oswa pèsekisyon ki dirije kont yon elèv ki denonse entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou entimidasyon oswa te temwen oswa ki gen enfòmasyon fyab sou entimidasyon.
2. Entimidasyon Entèdi – Konpòtman sa a twouble pwosesis edikasyon an; kidonk, se pou tout mou okouran entimidasyon se konpòtman ki pa akseptab nan Lekòl Piblik Norwood yo epi li entèdi.
3. Entimidasyon Dwe Entèdi – (a) sou teren lekòl la, sou pwopriyete ki akote teren lekòl la oswa nan aktivite, evènman oswa pwogram lekòla esponsorize, sou oswa andeyò teren lekòl la, nan estasyon otobis, nan otobos lekòl yo oswa lòt veyikil yon distri lekòl oswa yon lekòl posede, lwe oubyen itilize, epi oswa grasa teknoloji oubyen yon aparèy elektwonik yon distri lekòl oswa yon lekòl

posede, lwe oubyen itilize; epi (b) nan yon adrès, aktivite oswa pwogram ki pa gen pou wè ak lekòl la oubyen grasa itilizasyon teknoloji oswa yon aparèy elektwonik yon distri lekòl oubyen yon lekòl pa posede, lwe oubyen itilize, si entimidasyon an kreye yon anviwònman ki ostil lekòl la pou viktim la, si li vyole dwa viktim la lekòl la oswa twouble anpil ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa fonksyonman yon lekòl kòm sadwa.

4. Etap pou Rezoud

- A. **Entèkansyon anplwaye yo** – Manm pèsònèl la ki obsève oswa vin konnen yon zak entimidasyon dwe pran mezi ki imedyata ak apwopriye pou entèveni, eksepte si entimidasyon an ta mete an danje sekirite anplwaye a oswa elèv (yo). Si gen yon rezon plozib pou panse anplwaye a pa t kapab rezoud zafè a, oswa si entimidasyon an kontinye, anplwaye dwe rapòte ensidan an bay administratè ki apwopriye an pou yo kapab fè ankèt.
- B. **Se pou elèv ak Paran denonse Entimidasyon** – Elèv ak paran ki vin konnen de sityasyon entimidasyon ta dwe rapòte li bay administratè ki apwopriye a pou yo fè ankèt. Epi tou, elèv oswa paran yo gendwa rapòte yon ensidan entimidasyon grasa youn nan twa opsyon rapò sou wèbsayt entimidasyon distri a, lè yo ale nan <http://www.norwood.k12.ma.us/page.php?pid=615>. Yo aksepte rapò “anonim”; sepandan, yo p app ran okenn aksyon disiplinè kont yon elèv sou labaz yon rapò anonim. Kèlkeswa elèv la ki vanje li kont yon lòt elèv poutèt rapò entimidasyon an ap dwe sibi konsekans disiplinè yo. Epi tou, kèlkeswa elèv la ki fè yon fo deklarasyon pou entimidasyon oswa reprezay ap dwe sibi konsekans disiplinè yo.
- C. **Ankèt** – Sizoka gen ensidan swe-dizan entimidasyon oswa ensidan ki pèsistan, sibèntimidasyon oswa reprezay, yon administratè praal ankete sou zafè a. Ankèt la gendwa gen ladann men san li pa limite ak konvèsasyon ak elèv, paran epi anplwaye lekòl la.
- D. **Entèkansyon/Konsekans/Estrateji Prevvansyon** – Si entimidasyon an pwouve, administratè apwopriye an pral pran mezi rezonab pou sispann epi anpeche li tounen. Mezi sa yo gen ladann men pa limite ak separasyon ak sipèvizyon elèv ki enplike yo; kontakte paran/gadyen swa-dizan koupab la ak de viktim la; medyasyon ant de (2) elèv yo; founi sipò konsèy pou elèv yo ak opsyon sèvis referans bay manm fanmi yo ki apwopriye, jan sa nesèsè; kowòdone yon plan sipèvizyon ak asistans anplwaye yo; kontra pou elèv ak elaborasyon yon plan sekirite; reyinyon ak Ofisye Resous Lekòl la. Elèv yo ki te entimide oswa fè reprezay kont moun gendwa sibi aksyon disiplinè, ikonpri avètisman, konferans ak paran yo, detansyon, sisipansyon epi/oswa ekspilasyon. Si administrasyon lekòl la deside yon ensidan entimidasyon oswa reprezay te dewoule vreman, administratè ki apwopriye a pral notifiye departman lapolis lokal la si administrasyon an kwè yo gendwa depoze akizasyon penal kont koupab la.

Elèv yo ki fè entimidasyon pandan yo lekòl, nan nenpòt ki evènman lekòl la òganize, an rapò ak oubyen ak kèlkeswa aktivite oswa envènman distri la esponsorize, oubyen pandan yo prale oswa tunen lekòl, elèv sa yo ap sibi aksyon disiplinè, ki gen jiska sispannsyon oswa ekspilasyon. Se pou yo notifiye ofisye polis yo konsènan ensidan entimidasyon yo.

RETA

Si elèv yo vini an reta lekòlla, yo pral bay yo detansyon nan biwo, ekepte si yo prezante yon ekskiz alekri yon prezidan departman (dean) apwouve. Si elèv la kontinye vini an reta, yo pral bay li sispannsyon de lekòl la.

EGZEYAT

Sizoka elèv la malad, se sèl nès lekòl la, administrasyon an oswa prezidan departman (dean) yo

ki kapab bay li pèmisyon pou li ale. Tout lòt otorizasyon pou egzeye mande pou yon paran/gadyen fè yon demann alekri yo prezante prezidan departman an (dean) lan pou li kapab apwouve li. Moun ki rele nan telefòn pou mande yo lage yon elèv pi bonè p ap revwa otorizasyon a.

ABSANS

Paran/gadyen yo ta dwe rele lekòl la (769-2333) a 8:30 a.m. oplita jou absans elèv la. Yo ekskize absans yo poutèt maladi ki dokimante medikalman oswa pou randevou ki deja anrejistre yo **pa kapab** pwograme yon lòt lè. Elèv senyò (dènye ane) ap benefisye twa (3) absans ekskize (jistifye) pou ale vizite kolèj si gen yon konseye ki apwouve l. Elèv yo ta dwe pwograme randevou woutin medikal/dantè apre lekòl. Yo konsidere absans lekòl la tankou yon bagay ki grav, poutèt konsekans negative sa genyen anjeneral sou aprantisaj ak pèfòmans elèv yo. **YON ELÈV PA OTORIZE PATISIPE NAN OKENN AKTIVITE EKSTRA-KIRIKILÈ YON JOU KOTE LI TE ABSAN, EKSEPTÉ SI YON PREZIDAN DEPARTMAN (DEAN) APWOUVE PATISIPASYON LI ALAVANS.**

POLITIK KONSÈNAN GWO KANTITE ABSANS

Twòp absans ki pa jistifye nan kèlkeswa klas la ap fè elèv la pral double klas la ki dwe respekte kondisyon ak kritè ki anba la yo:

1. Pou tout klas yo, politik sou prezans detèmine sou labaz yon peryòd trimès. Si elèv la gen twòp absans pandan yon trimès, l ap double trimès la avèk yon nòt 55%.
2. Si yon elèv absan pou yon rezon medikal yon doktè konfime, swa alekri oubyen nan telefòn, absans sa a p ap antre anba aplikasyon politik sou gwo kantite absans, akondisyon chak pwofesè resevwa konfimasyon an DIS (10) JOU OPLITA APRE TRIMÈS LA FINI. Yo ankouraje elèv yo prezante dokiman depi sa posib. Kèlkeswa lèt pou absans ki gen yon jistifikasyon medikal pou 4triyèm Trimès la dwe rive nan men prezidan departman (dean) lan dènye jou ki lekòl ki pwograme nan kalandriye a.
3. Tout absans yo, eksepte sa yon prezidan departman (dean) jistifye alekri (pa egzanzp medikal, travay-etid ki apwouve, deplasman ak tout klas la, randevou nan tribinal, fineray yon fanmi, jou konje relijye) ap konte nan kategori kantite absans ki eksesif politik la prevwa. **Remak: Prezidan departman yo (Deans) ap deside selon tout bonsans yo apre yo diskite ak yon paran/gadyen, pou chèche konnen si li ta dwe ekskize yon absans.**
4. Yon absans poutèt yon sispansyon ap antre nan kategori kantite absans eksesif politik la prevwa. Sepandan, absans ki fè elèv la depase kantite absans ki pa jistifye pou peryòd la pa kapab yon sispansyon.
5. Yo pral bay elèv la avètisman poutèt li gen twòp absans, jan sa nedike anba la a:

DIRE KLAS LA (kantite jou nan yon trimès)	AVÈTISMAN	PA PASE
Tout ane a / semès	2 abs.	5 abs.
1 Peryòd pa sikl	2 abs.	3 abs.
2 Peryòd pa sikl	2 abs.	3 abs.
3 Peryòd pa sikl	2 abs.	4 abs.

Enpòtan: Poutèt Trimès 4 senyò yo pi kout, yon senyò ki gen twa (3) oswa plis absans ki pa jistifye pandan Trimès 4 ap resevwa yon nòt 55*, oswa mwens, kòm

nòt pou trimès la.

6. Yo gendwa mande pou pran randevouak paran yo nan moman yo bay kèlkeswa avètisman an. Si elèv la absan pandan plis pase kantite reyinyon klas la ki otorize, yo pral notifiye paran/gadyen an ke pitit la pral resevwa yon nòt 55% pou trimès la nan klas la.
7. Yon elèv ki resevwa yon avètisman 'li sou chimen pou double' p ap elijib pou patisipen an aktivite ki gen pou wè ak lekòl la, ki ta pwovoke pi pral absan nan kèlkeswa klas la pandan rès trimès la.
8. Yon elèv ki pa pase yon klas nan fen trimès la p ap elijib pou patisipe nan okenn aktivite ki gen pou wè ak lekòl la ki ta fè li ta absan pandan omwens kòmansman pwochen trimès la. Yo kapan re-etabli elijibilite yo lè rapò sou pwogresyon oswa kanè yo pare.
9. Yon elèv p ap resevwa mwayèn pou pase pou kèlkeswa klas la si li gen twòp absans pou li pandan trimès la. Yo pral bay li yon 55* sou kanè li an. Sepandan, nan 4triyèm Trimès yon lane konplè, (oswa pou dezyèm ak katyèm peryòd yon klas ki dire yon semès), yon pwofesè gen opsyon pou bay elèv la yon nòt kipi ba pase 55%, selon pèfòmans elèv la si elèv la te sitèlman gen absans yo pa kapab note li.
10. Kèlkeswa elèv la ki vini an reta san rezon valab nan kals la pandan plis pase mwatye nan dire klas la ap konsidere 'absan' nan klas la epi y ap anrejistre absans li ofisyèlman.
11. **Si yon elèv rate yon egzamen mwatye oswa fen ane a epi absans li pa jistifye pou prezidan depatman (dean) an, yo pral bay li yon zewo (0) pou egzamen an.**
12. Kèlkeswa elèv la ki te absan pandan kenz (15) jou youn dèyè lòt epi ki pa reponn tout demach ki make anlè yo ap resevwa yon lèt lekòl la voye pou envite paran/gadyen an ansanm ak elèv la nan yon reyinyon pou diskite sa ki anpeche elèv la vini lekòl. Yo dwe voye lèt sa a dis (10) jou oplita apre 15yèm jou absans youn dèyè lòt. Yon ekip sipò ap disponib pou diskite efè negatif lè yo retire yon elèv twò to de lekòl la, benefis yon diplòm lekòl segondè ansanm ak opsyon altènativ ki gen dwa enkli terapi edikasyon espesyal oswa divès pwogram edikasyon altènativ.

LEKÒL BWISYONÈ AK ABSANS NAN KLAS KI PA OTORIZE (BÒYKÒT)

Yon bòykòt defini tankou yon absans ki pa otorize epi/oswa ki pa apwouve nan yon klas kote elèv la ta dwe ye pandan yon (1) trimès oswa plis. Lekòl bwisyonè define tankou yon absans ki pa otorize pandan plis pase de (2) sesyon klas nan yon (1) jou.

Lè yo detèmine ke yon elèv te fè lekòl bwisyonè oswa te bòykote yon klas, yo pral bay li detansyon; epi yo pral notifiye paran/gadyen an.

Premye bòykòt nan **KÈLKESWA** klas la ap antrene yon detansyon pou de (2) èdtan nan biwo. Dezyèm bòykòt la nan **KÈLKESWA** klas la ap debouche sou kat (4) èdtan detansyon nan biwo, yon sispannyon pandan yon jou de lekòl la, ansanm ak yon reyinyon parental avèk prezidan depatman an (dean). Yon twazyèm ansnam ak tout lòt bòykòt (yo) k ap viniv apre sa nan **KÈLKESWA** klas la ap debouche sou kat (4) èdtan detansyon nan biwo, de (2) jou sispannyon de lekòl la ansanm ak reyinyon parantal ak yon administratè.

Tès, egzamen ansanm ak lòt evalyasyon ak devwa lekòl elèv la pafè poutèt yon bòykòt oswa lekòl bwisyonè, **pa kapab ratrape**. Elèv yo pral resevwa yon zewo (0) pou travay li pa fè a.

Lekòl bwisonyè ap antrene sis (6) èdtan detansyonnan biwo ansanm ak yon reyinyon ant paran yo ak prezidan depatman (dean) la. Lè sa apwopriye, yo pral prezante Ofisye Prezans Depatman Polis Norwood lan yon rapò sou tout ka lekòl bwisonyè yo.

Dezyèm ak tout lòt fwa elèv la sote yon klas ap fè ke elèv la pral resevwa yon sispansyon pou twa (3) jou, yo pral òganize yon reyinyon ant paran ak administer a epi yo pral prezante Ofisye Prezans Depatman Polis Norwood lan dosye li an.

DEYÒ SALKLAS LAOM

Akòz sa distrè elèv ak pwofesè yo lè gen anpil elèv k a pase nan koulwa yo pandan yon klas, elèv yo pa otorize rete nan koulwa yo pandan gen klas si yo pa gen yon pass ki bay yo otorizasyon.

Kèlkeswa elèv la ki nan koulwa pandan gen yon klas dwe gen yon kupon andeyò salklas ki endike non li, ki kote li prale, lè ak dat la, epi siyati pwofesè a ki te otorize l soti.

ETID DIRIJE

Elèv yo kapab jwenn pass pou ale nan bibliyotèk la oswa pou ale jwenn asistans pandan Etid Dirije yo. Elèv ki gen pass dwe prezante nan salklas etid yo asiyen yo nan kòmansman klas la epi make non yo anvan pou yo ale. Elèv yo pa gen dwa siyen non yo pou ale nan yon salklas kote gen yon klas k ap fèt. Pandan yon peryòd kote yon elèv te resevwa yon avètisman 'sou chimen pou double' oubyen 'an danje pou li double', elèv la dwe ale nan Etid Dirije. Yon elèv ki resevwa de (2) nòt ki anba mwayèn lan nan kanè li dwe ale nan Etid Dirije jiskaske Rapò sou Pwogresyon an endike elèv la gen bon pèfòmans akademik.

ANONS PA GEN LEKÒL/LEKÒL LA PRAL LOUVRI PI TA

Lekòl Piblik Norwood yo gen t3wa (3) opsyon pou fèmti lekòl oswa retade louvre lekòl la sizoka ta gen move tan oswa ijans nan bilding lan, tankou yon tiyo dlo ki pete:

1. Fèmen lekòl la pou tout jounen an. Anjeneral, lè lekòl la fèmen pou tout jounen an, aktivite apre-lekòl yo anile.
2. Yo retade Ouvèti Lekòla la panda yon (1) oswa de (2) èdtan. Yo pral anonse dire delè a pandan anons pa gen lekòl yo. Selon dire delè a yo chwazi, elèv yo dwe prezante yo lekòl la yon (1) oswa de (2) èdtan pi ta. Y ap vin ranmase elèv otobis yo nan arè nòminal yo yon oswa de èdtan apre tou.
3. Sa pa rive souvan pou yo deside Egzeyate Elèv yo Bonè pandan jounen lekòl la. Yo ka chwazi opsyon sa a sèlman si gen move tan ki rive apre elèv yofin rive lekòl la oswa pou lòt ijans tankou chofaj ki ma mache oswa pa gen dlo, elatriye.

Sizoka Sipèntandan an chwazi youn nan opsyon sa yo, yo pral difize enfòmasyon yo nan pifò estasyon radio ak TV, ikonpri chèn local pa kab yo.

Anplis de sa, yo pral fè yon apèl "Connect Ed", epi mesaj telefonik lan pral endike si gen yon delè oswa si lekòla la anile.

SAL-A-MANJE

Se pou yo retire tout plato manje epi swiye tout likid ki tonbe sou tab la pou elèv ki pral vini annapre yo kapab jwenn yon kote ki pwòp pou yo chita epi manje. Elèv yo responsab pou netwaye apre yo fin manje, epi elèv ki pa fè l gendwa resevwa yon detansyon. **LI ENTÈDI POU MENNEN MANJE OSWA BWESON DEYÒ SAL-A-MAJE A.**

ENSKRIPSYON VOTÈRETA

Elèv ki sitwayen Etazini epi ki pral gen 18tan (18) nan jou eleksyon yo oplita ap elijib pou enskri. Pandan ane lekòl la, manm Lig Votè Fan map sou kanpis la pou òganize enskripsyon votè yo.

AJANS SÈVIS KOMINOTÈ

ALKOLIK ANONIM (ALCOHOLICS ANONYMOUS) – Nimewo Asistans 24è sou 24

800-595-1289

Gwoup Antrèd: Se moun ki alkolik k ap ede youn lòt pou pa bwè alkòl. Pagen pwofesyonèl ladann.

ALANON FAMILY GROUPS

508-366-0556

Gwoup Antrèd: Fanmi moun ki alkolik k ap ede youn lòt sirmonte pwoblèm ki genyen lè gen moun ki alkolik ki rete lakay yo.

MAY COUNSELING CENTER

508-660-1510

Li ofri sèvis terapi pou tout laj pou prèske tout kalite pwoblèm nan lavi ak difikilte emosyonèl. Echèl tarifikasyon mobil.

FAMILY SERVICE OF NORFOLK COUNTY

781-326-0400

Li ofri sèvis terapi pou tout laj pou prèske tout kalite pwoblèm nan lavi ak difikilte emosyonèl. Echèl tarifikasyon mobil.

MASSACHUSETTS COMMISSION ON LESBIAN, GAY, BISEXUAL & TRANSGENDER (LGBTQ)

617-624-5495

Gwoup Sipò pou manmkominote a ki Omoseksyèl oswa Lesbyèn.

NAKOTIK ANONIM (NARCOTICS ANONYMOUS)

818-773-9999

Gwoup Antrèd: Ede moun ki konn pran dwòg pa pran ankò.

KONSEYE AJISTEMAN **781-352-3512/781-352-3846**

Divès konseye ki gen fòmasyon pwofesyonèl nan zafè terapi, tavayè sosyal ak dinamik imen. Yo disponib pandan jounen lekòl la.

SIKOLÒG LEKÒL LA

781- 352-3518

Yon sikològ lekòl ki gen fòmasyon nan domèn evalyasyon sikolojik, dinamik imen ak terapi. Li disponib pandan jounen lekòl la.

EKIP TÈS DETEKSYON AK IJANS

781-769-8674

Sèvis sikyatrik pou ijans 24è sou 24, 7 jou sou 7. Orè pèsònèl la se 8am jiska 9pm, lendi jiska vandredi. Disponib lòt moman pa telefòn. Yo reponn nòmalmant ant 15 ak 20 minit apre apèl la.

REVIZYON GID LA

Komisyon lekòl la pral revwa règ ki gen pou wè ak konpòtman elèv yo chak ane; pami patisipan nan komisyon an genyen: dirktè lekòl la, ki se prezidan konsèy la; pwofesè yo, paran/gadyen elèv yo ansanm ak lòt moun nan kominote a, epi yon elèv. Yo pral pwograme yon sesyon refleksyon nan peryòd prentan pou resevwa lide ak sijesyon nan men elèv yo.

ORÈ AK WOUT OTOBIS YO

Tout elèv ki gen lentansyon monte otobis la dwe enskri, ikonpri elèv ki elijib pou transpò gratis yo. Fòm enskripsyon transpò yo disponib nan biwo prensipal lekòl la epi se pou yo pote yo nan Biwo Transpò Lekòl Piblik Norwood la ki nan Savage Educational Center.

Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan chaj pou sèvis otobis la nan wèbsayt lekòl la anba seksyon paran/gadyen an. Tout règ lekòl yo kontinye aplike andedan otobis lekòl la. Kèlkeswa elèv la ki itilize oswa ki eseye itilize pass otobis yon lòt elèv oswa ki otorize yon lòt elèv itilize passotobis li an ap resevwa yon sispansyon epi y ap revoke pass la. Kèlkeswa elèv la ki monte oswa ki eseye monte nan otobis la san li pa t achte yon pass pou otobis ap resevwa yon sispansyon. Yo pral distribye ansanm ak pass otobis yo règ konpòtman tout elèv yo ta dwe respekte.

SALKLAS PRENSIPAL (HOMEROOM)

Yo pral asiye chak elèv nan yon salklas prensipal nan kòmansman ane a. Elèv ki rive an reta nan salklas prensipal yo oswa nan premye segman klas yo ta dwe prezante nan biwo a pou resevwa yon koupon admisyon.

PATENARYA AK PARAN/GADYEN

Jan sa make nan Misyon nou an, nou kolabore ak paran/gadyen yo pou ofri yon anviwònman ki san danje ak ankourajan kote elèv yo kapab aprann respekte tèt yo ansanm ak kominote a ak tout manm ki ladann. Paran/gadyen yo ta dwe travay ak respè epi kowoperasyon ak lekòl la pou ede elèv la reyalize atant akademik, sosyal ak sivik lekòl la genyen pou li. Elèv ak paran/gadyen yo gendwa eksprime avèk respè preyokeyasyon yo genyen konsènan fonksyonman lekòl la ak anplwaye li yo. Sepandan, yo pa kapab fè li yon fason ki manke dega, ki abizif, menasan, ostil oswa ki kreye konfli. Nou vle pou tout elèv ak paran/gadyen yo toujou montre lapolitès. Kidonk, nou mande epi nou ta renmen pou tout paran/gadyen yo montre respè pou anplwaye, administrasyon, pèsònèl, paran/gadyen ak elèv Norwood High School yo tout tan.

Paran/gadyen yo bay pitit yo ak lòt timoun tou bon egzant tout kote yo ale. Kowoperasyon paran yo esansyèl pou byennèt elèv yo. Si, selon opinyon administrasyon an, konpòtman paran/gadyen an entèfere anpil ak ansèyman an aepi pwosesis aprantisaj la, lekòl la gendwa mande Ekip Revizyon Disiplinè a analize dosye a. Si konpòtman an pa apwopriye, men pwosedi yo gendwa mete anplas:

- Yo gendwa mande pou moun ki enplike yo kontakte administratè lekòl la pou revwa politik la.
- Yo gendwa mande pou moun ki enplike a ale nan yon reyinyon byen vit pou rezoud pwoblèm yo touswit. Reyinyon an gendwa enkli ofisye rsous lekòl la tou.
- Administrasyon an gen dwa rele otorite ki apwopriye yo, si sa nesèsè.

Yo pran desizyon pou asire sekirite ak byennèt tout pèsònèl, administratè ak elèv yo nan lekòl la.

LÈT ANONIM

Administrasyon ak pèsònèl Norwood High School kontan wè epi yo respekte opinyon paran/gadyen yo konsènan zafè lekòl. Sepandan, yo mande paran/gadyen yo **swiv kanal kominikasyon ki etabli yo**, jan yo pibliye nan gid sa a. Pèsònèl lekòl p ap reponn ni abode okenn kesyon yon moun kontakte yo grasa lèt anonym, apèl nan telefòn oswa kèlkeswa lòt mwayen pou konvèsasyon anonim.

ORÈ YO

Gen yon sikl 7 jou ki gen 6 peryòd ladann. Tout peryòd yo fè wotasyon selon orè sila a:

ORÈ	S-1	S-7	S-6	S-5	S-4	S-3	S-2
	1	7	6	5	4	3	2
	2	1	7	6	5	4	3
	3	2	1	7	6	5	4
	4	3	2	1	7	6	5
	5	4	3	2	1	7	6
	6	5	4	3	2	1	7

ORÈ YON JOUNEN NÒMAL – YO LAGE ELÈV YO A 2:23 P.M.

Sonri Avètisman	7:40		
1	7:45	-	8:49
Pòz	8:49	-	8:53
2	8:53	-	9:50
Pòz	9:50	-	9:54
3	9:54	-	10:51
Pòz	10:51	-	10:55
4 Lunch*	10:55	-	12:21
Pòz	12:21	-	12:25
5	12:25	-	1:22
Pòz	1:22	-	1:26
6	1:26	-	2:23
Ratrapaj/Detansyon	2:30	-	3:05

*Orè Lench

A	10:51 – 11:18
B	11:22 – 11:49
C	11:53 – 12:21

Lè Klas yo Pandan Lench:

A	11:22 – 12:20 (58) B
	10:55 – 11:22 (27)
	11:53 – 12:21 (28) C
	10:55 – 11:53 (58)

JOUNEN DEVLOPMAN PWOFEYONÈL YO LAGE ELÈV YO A 11:30 A.M.

Sonri Avètisman	7:40		
1	7:45	-	8:20 (35 MIN)
Pòz	8:20	-	8:24
2	8:24	-	8:58 (34 MIN)
Pòz	8:58	-	9:02
3	9:02	-	9:36 (34 MIN)
Pòz	9:36	-	9:40
4	9:40	-	10:14 (34 MIN)
Pòz	10:14	-	10:18
5	10:18	-	10:52 (34 MIN)
Pòz	10:52	-	10:56
6	10:56	-	11:30 (34 MIN)

YO PA SÈVI LENCH JOU SA A

JOUNEN DEVLOPMAN KORIKOLÒM
YO LAGE ELÈV YO A 1:00 P.M.

Sonri Avètisman	7:40		
1	7:45	-	8:30
Pòz	8:30	-	8:34
2	8:34	-	9:17
Pòz	9:17	-	9:21
3	9:21	-	10:04
Pòz	10:04	-	10:08
4	10:08	-	10:51
Pòz	10:51	-	10:55
5 Lunch*	10:55	-	12:21
Pòz	12:21	-	12:25
6	12:25	-	1:00

*Orè Lench

A	10:51 – 11:18
B	11:22 – 11:49
C	11:53 – 12:21

Lè Klas yo Pandan Lench:

A	11:22 – 12:21 (58) B
	10:55 – 11:22 (27)
	11:53 – 12:21 (28)
C	10:55 – 11:53 (58)

Endèks

A

ABSANS	44
AJANS SÈVIS KOMINOTÈ	47
AKSYON DISIPLINÈ SIZOKA ELÈV LA PA RESPEKTE KÒD	34
AKTIVITE LEKÒL LA PA ESPONSORIZE	17
AKTIVITE	16
ANONS PA GEN LEKÒL/LEKÒL LA PRAL LOUVRI PI TA	46
APARÈY ELEKTWONIK	39
ARANJMAN YO: SEKSYON 504	51

B

BIBLIYOTÈK	32
BIZOUTAJ	38
BÒYKÒT KLAS YO	45

D

DEKLARASYON MISYON NHS	4
DEKLARASYON MISYON NPS	4
DEPLASMAN AK TOUT KLAS LA	17
DEPLASMAN ANDEYÒ LEKÒL	31
DESKRIPSYON PWOGRAM YO	5
DETANSYON: PWOSESÈ/BIWO	34
DEWADMEZON	7
DEYÒ SALKLAS LAOM	46
DIREKTIV POU DETANSYON	34
DIVILGASYON NAN LAPRÈS	16
DOSYE YO	15

E

EDIKASYON PIBLIK SIPERYÈ DE MASS	6
EGZAMEN FINAL YO	9
EGZAMEN NAN MITAN ANE A	9
EGZAMEN YO (MITAN-ANE/FINAL)	9
EGZANPSYON POU EGZAMEN FINAL	10
EGZEYAT	44
EGZIYANS POU GRADYE	10
EGZIYANS POU TABLO DONÈ	9

ELJIBILITE ATLETIK	17
ENSKRIPSYON VOTÈRETA	47
ENTIMIDASYON	40
ETID DIRIJE	46
ETID ENDEPANDAN	6
F	
FIMEN	38
I	
IPOD	39
K	
KANÈ SOU PWOGRÈ YO	8
KANÈ YO	9
KAZYE YO	13
KLAS YO	6
KÒD DISIPLINÈ	21
KÒD DISIPLINÈ BEZWEN ESPESYAL & PLAN 504 PLANS	25
KÒD VESTIMANTÈ	33
KOLÈK LAJAN	17
KOMISYON ELEKSYON YO	20
KOMISYON KONSILTATIV ELÈV YO	18
KONFLI: ATLETISM AK BOZA	16
KONPETANS AKADEMIK	10
KONPITÈ	30
KONSÈY ELÈV AK MANDA KÒM OFISYE SALKLAS LA	18
KONSÈY LEKÒL LA	18
KONTRA POU BAL GRADYASYON (PROM)	24
L	
LEKÒL ALTÈNATIF	11
LEKÒL BWISONYÈ	45
LEKÒL PANDAN PERYÒD LETE	11
LÈT ANONIM	49
LIV, EKIPMAN AK PWOPRIYETE LEKÒL	13
LIVREZON	40
LWA KONSÈNAN DWA EDIKASYONÈL FANMI YO AK KONFIDANSYALITE	21

LWA KONSÈNAN DWA EDIKASYONÈL FANMI YO AK KONFIDANSYALITE (FERPA)	15
LWA SOU AMERIKEN KI ANDIKAPE	5
LWA SOU NOTIFIKASYON PARENTAL YO	16
 M	
MANDA POU REPREZANTE KLAS LA	18
MIDI LAB (MIZIK)	32
 O	
ORÈ AK WOUT OTOBIS YO	48
ORÈ YO	49
 P	
PAKING	40
PARAN KI PA GEN LAGAD	14
PATENARYA AK PARAN/GADYEN	48
PATISIPASYON EKSTRA-KIRIKILÈ	16
PATNÈ NAN SÈVIS NORWOOD (PINS)	21
PIBLISITE POU KANPAY	19
PLAJYA	24
PLAN SEKSYON 504 YO	41
POLITIK ENTÈDIKSYON AK PREVANSYON PÈSEKISYON	42
POLITIK ITILIZASYON AKSEPTAB	27
POLITIK KONSÈNAN FOUY	39
POLITIK KONSÈNAN TÈS YO	8
POLITIK NON-DISKRIMINASYON	5
POLITIK KONT DISKRIMINASYON	40
POLITIK POU KANPAY YO	19
POLITIK KONSÈNAN BYENNÈT	13
PREZANS	7
PWOGRAM ADMISYON NAN KOLÈJ AJANS	6
PWOSEDI EVAKYASYON YO	32
PWOSEDI SIMILASYON POU DIFE	32
PWOSESIS EKITAB	35
PWOTOKÒL DANTANT (MOU)	18
POZISYON NAN SALKLAS LA	9

R

RATRPAJ	8
RÈGLEMANTASYON ELEKSYON YO	19
RELVE NÒT/DOSYE	14
RESTRIKSYON POU ELEKSYON YO	19
RETA	43
REVIZYON GID LA	48

S

SAL-A-MANJE	47
SALKLAS PRENSIPAL (HOMEROOM)	48
SANTE CHIMIK	38
SELILÈ	39
SÈVI SANTE	11
SÈVIS ORYANTASYON	11
SISPANSYON	35
SOSYETE DONÈ BOZA NASYONAL (NATIONAL ART HONOR SOCIETY)	20
SOSYETE DONÈ NASYONAL (NATIONAL HONOR SOCIETY)	20

T

TEKNOLOJI	27
TRANSFÈ DOSYE YO	15

V

VEWOUYAJ	32
VIZITÈ YO	40

Z

ZAM	39
-----	----